ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩIКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№50 (22.458) • 2013 гъатхэпэм (мартым) и 19, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Республикэр зэхъэзэхуэм хуэхьэзырщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Портэ Галинэ КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм щIэгъэкIуэкIа зэIущIэр техухауэ щыпхащ Iуащхьэмахуэ районым щыщ Терскол поселкэм бгы-лыжэ спортымкIэ Сурэтхэм я кубокыр къэхъыным теухуа зэхъэзэхуэм и VII Ныхэр гъатхэпэм и 20 - 24-хэм щегъэжьагъэкIынымкIэ зыхуэгъэхъазырыным.

АБы щызэпеуэнщ слаломымкIэ, слалом инымкIэ. Мы зэхъэзэхуэм щыхуи 100 худиз хэтынущ. НобэрикхьалIэу лъэIу тхылъкэр къагъэхьащ УФ-м и щIыналъэ 12-м, нэгъэщI къэралхэм щыщ спортсмен щхьэхуэхэм.

КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр АфIэунэ Аслъэн зэрыжиIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр зыгъэбзэгъуэфIыну мы Iуэхур спорт зэпеуэ къудей-кIыхь, атIэ щыхуэ къудэ зэхъэзэхуэщIу щэнхабзэ зэхьэхьэшхуэщI. Абы зыхуэгъэхъэзырыныкIэ лэжьыгIэ нэхъыщхьэ псори зэфIагъэкIащ. Зыхуэфащэ оборудованэ псори яIэщ. Интернет связыр къыздэсрагъэпэщащ, кIапэсрыкIуэ гъэунэфIыгъэ хабзэ къыхэкIыныгъэ лэжьэныгъэ. Гулъытэ хуащIащ спортсменхэмрэ судьяхэмрэ щынагъуэ къатемыгъэхъэныр. Зэхьэзэхуэр щекIуэкI щIыпIэм эзгъэпсыгъ щыIэныгъэ медицинэм и Iэщагъэ-лIхэр, къегъэлажьэхэр, АпхуэдэущI спортсменхэр щыпсэуну хъщIэщхъэр ягъэфедэжьыпащ, зэрекIуэкIыр щIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ-IапIэхэм къагъэлъэгъуэнущ.

Зэхъэзэхуэр къыздэсыпсэIуахэм теухуа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр ирагъэжьэнущ гъатхэпэм и 21-м сыхьэт 14-м.

ГЪЭУНЭ Светланэ.

● Съездэр

Ди лIыкIуэхэри макIуэ

«Агрорусь» агропромышленнэ гъэлъэгъуэныгъэ-жарамыкIэм хыхьэу, кIуачэ кооперативхэм я япэ урысейпсо съездым, гъатхэпэм и 21 - 23-хэм Санкт-Петербург къалэм щекIуэкIынэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэри хэтынущ.

КЪЫЩЫЗЭIУАХЫНУ махуэм кIуачэ кооперацэ лIэужыныгъуэ псоми зегъэужьынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм зэщхьэщыхуэу секцэхэм щытепсэльыхьынущ. Гъатхэпэм и 22-м зэхащIну пленар зэIущIэм съездым и унафэмрэ 2020 гъэ пщIондэ ЖьылагъуэкIэм кооперацэм зэрызыщагъэзэжьынум и концепцэмрэ щызэпкърахынущ икIи кIыщагъэтэнущ. Кооперацэр аграрнэ политикэм и унэтIыныгъэхэм ящыщщ, хъэрэ-гъэпсыгъэ Iэнатlэ щыкIуэмрэ курыгъэмрэ щIэгъэкъуэн хъарзынэ яхуохьу.

2006 - 2012 гъэхэм кIэрыбыдзу Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэщ потребительскэ кооперативу 41-рэ кыщыщэгъагъэпэщащ. Илъэсих и пэкIэ аузр зэрыхъуу щытар 9 къудейщ.

Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэщхэкIыкIэ кыщагълэжьым и процент 80-м нэблагъэ Iуэхущ-IапIэ мыинхэм хуоз. ИкIи абыхэм я Iэдакъэщ-IэкIэр ящэнымкIэ кооперативхэм кылэн хэ-ка ягъэзащI.

Республикэм щылажьэ «Налшык-агро» кооперативыр лIэужьыгъуэм кредитнэ кооперативу 15-рэ зыгъэхъэзырыжыгъуэ 2-рэ кыщэщIеубыдэ. Мэкъумэщ кооперативхэм я «Зэдзлэжьэныгъэ» кIэпщытакIуэ зэгуэхыныгъэ финансхэ лэжьыгIэм кIэлъопIэ. Абы кредитнэ кооперативу 27-рэ хохьэ.

Ди республикэм и делегацэм хэтщ Мэкъумэщ хозяйствэмкIэ министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэщ университетым, мэкъумэщ кооперативхэм я унафэщIхэр.

КъБР-м Мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ-IапIэ.

● Къэрал Iуэхущ-IапIэхэм

Дарэгъу дызэхуэвгъэхъу

«Урысейм и агролизинг» акционер обществэ зэIухам илъэситI хъуауэ къэралым и щIыналъэхэм автомобиль зекIуэхэр зыубгъуауэ къыщIэкIэсхьэри, И мурадыр – лизингым и ефIэкIныгъэхэм мэкъумэщыщIэхэр хэгъэгъуэзынырщ.

ГЪАТХЭПЭМ и 19-м автомобиль зекIуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм къыщыхалъхьэнущ, «Урысейм и агролизинг» ОАО-м и Iэщ-Iагъэ-лIхэр зыхэтыну семинар къызэрагъэпэщынущ. АбыкIэм федеральнэ лизингым и хабзэхэр ди мэкъумэщыщIэхэм хэзэпкърахынущ, я упщIэхэм жэуап иратынущ.

2006 - 2012 гъэхэм кIэрыбыдзу Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъавэгъэIэхэм сом мелуан 700-м нэблагъэ и уасэ мэкъумэщ техникэу минрэ щитхум щIигъу къащэхуащ. Абы щыщу сом мин 800-м щIигъум и уасэр лизингкIэ. Урысей Федерацэм и Правительствэм нэгъабэ кIэщтащ 2012 - 2014 гъэхэм мэкъумэщ техникэм и паркыр къызэрагъэпэщэжынэу теухуа программэ. Абы егъэбелджылы мэкъумэщ техникэм и бэдзэнд уасэм теухуа зэгурыIуэныгъэхэр зэрызэхуагъэкIуэ щIыкIэр. Апхуэдэущ шэсынэу Iуэныгъэ пэублэ щIэ зэрыщIамыгъэтыр, япэ лизингпщIэр тыныр мазихым нэскIэ зэрыхуэгъэпэжьэр, лизинг зэгурыIуэныгъэр илъэси 5-м къащыщIэдзауэ илъэси 10-м нэблагъэкIэ зэрызэращIылIэр.

Программэр зэгъэхъэзыращ щIыналъэхэм хуэхьэзыр зэрыхъумэрэ мэкъумэщ Iэнатlэхэм я заявкэхэр зэрагъэбелджылы щIыкIэмрэ тещIыхьауэ. Мыбдежым япэ ирагъэщIыр щIыпIэм и АПК-м и мэкъумэщыщIэ (фермер) хозяйствэхэмрэ изгъэущI Iуэхущ-IапIэ щIыкIуэхэмрэщ.

А программэм тету, Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъабэ сом мелуан 33-м нэблагъэ къаратати, трактор 38-рэ зы комбайнрэ кърацэхуащ. Мы Iуэхум и къызэрыгъэпэщакIуэхэм зэкIуэр IэмалыфIщ.

КъБР-м Мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ-IапIэ.

● ЩIалэгъуалэ палатэм

Интернет-губгъуэм хъыбарыфIи щыIу хъунущ

КъБР-м и Парламентым и Щалэгъуалэ палатэм иджыблагъэ щекIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрыр фы и лъэныкъуэкIэ къегъэщIыну: къыхуеджэныгъэм щIэту къыззрагъэпэща, «Блогерхэм я еджапIэм» и зи чэзу зэхъуэкIэр.

- Фэ республикэм, жылагъуэм фIы и лъэныкъуэкIэ къыщыхъуэхэм я джакIуэу, я хъыбарегъащIэу фыщыгъупчхэщ, - жиIащ Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар,** къыззэхуэсахэм фIэкIуэ гуапэкIэ защIыхуигъазэм.

Апхуэдэ Iуэху бгъэдыкIэкIэм и телъхьэу къэпсэльащ хабзэгъэув Iэнатlэм и комитетым и унафэщI **Хъящхъуэжь Татьянэ:**

- Блогхэр интернет-кIэухым нэхъыбэу къыщагъэсэбэп унэтIыныгъэхэм яIыщIащ, - жиIащ абы. - Иджыпсту, ди жагъуэ зэрыхъунщи, хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэр Iейм куэдыIэрэ тепсэлъыхь хъуащ. Абы нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ зегъэхъэзыжьыныр фэ, щIалэгъуалэм, фхуэзэфIакIынущ икIи Кавказым теухуауэ щыхъуэкIэм яIэ хъуа Iуэху епIэкIэкIэ зэдгъэкIам зыкъэвгъэгъэзэфынущ.

Зи гугъу тщIы еджапIэр 2012 гъэм щекIуэгъуэм и 20-м Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыпэхуащ. Проектым и къызэгъэпэщакIуэхэм я мурад нэхъыщхьэр интернетым жьыдэкIу ис, ди щIыналъэм щыпсэу щIалэгъуалэр социальнэ хъым и интернет-напэкIуэцIкIэр тэмэму къагъэсэбэпыфу егъэсэнымрэ цIыхухэр кудэдэ зэрыхъэ блоггэр къыззэгъэпэщыныгъэщ. А Iуэхум хуеГъадэхэм и журналист-блогерхэм я япэ еджапIэм и Iэщ-Iагъэ-лI-гъэсакIуэ Гитинов Гамид.

Зэхъуэхэм къыщыпсэпхъэм социальнэ хъым и уэрэкIэм, идыкърей хъыбарегъащIэ «губгъуэр» зэгъэпэщыным, апхуэдэущ цIыхухэр я гупсысэкIэм интернет-напэкIуэцIкIэм щагъэзащIэ мыхьэнэ я гугъу ящIащ.

Блогерхэм я еджапIэм и 2-нэ дерсыр семинар уэрэкIэм тету екIуэкIащ. Абы и эксперт-гъэсакIуэ нэхъыщIэхэр Гындыгъу Марианнэ. Ар PR-проект куэдым я уэрэдэщIщ, Мэзкуу кIалэ дэт бизнес-компаниехэм я блоггэр щылажьэ «губгъуэм- мыхьэнэшхуэ щызиIэ зэпыщIэныгъэхэм хуэлажьэ бзыльхугъэщ.

ЕджапIэм къекIуэлIа блогерхэм щепсалъэм, Марианнэ езыр щылэжьа «Ростелеком», «Мегафон», «Связной», «Вымпелком» компаниехэм щызыIэрыгъэхьа IэзагъэхэмкIэ идэгущыащ. ЩIалэгъуалэр тепсэлъыхьащ цIэрыIуэ хъуа социальнэ «хъыхэм» ехъулIэныгъэуи щыщIэныгъэуи яIэхэм.

Псори гъэщIэгъэныр къыззэгъэпэщат икIи дерсыр нуха нэужь, абы щIэсахэм ящыщу зыри зэбгрыкIыкIыну епIэщIэкIыртэкъым. Ар и щIыхьэт Къэбэрдей-Балъкъэрыр фIы и лъэныкъуэкIэ дэнэкIи къыззэрипхъуэгъэлъэгъуэнымрэ интернет-губгъуэм Iуэхущ-IапIэхэм зэрыщыпхъэгъэзэщIэнымрэ ятеуэуа Iэмэ епIэныкIэм къекIуэпIахэр зэрителъхьэм.

Зэхьэхьэм кIэрикIуам и гугъу щищIым, ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщI Джапуев Мусэ жиIащ:

- Ди мурадщ блогер ныбжьыкIэхэм я щIэныгъэм зэпымыууэ щыхагъахъуэ еджапIэ зэтедлубэну. ПсальэмпащIэ, зэман гъунэгъум кърибыдзу Iуэхугъуэ зыбжанэ едгъэкIуэкIыну ди гугъэщ. Абыхэм ящыщщ еджапIэм къекIуэлIэ блогер ныбжьыщIэхэр ди гъунэгъу республикэхэм я зым зэгъуэгу зэрыдгъэкIуэнур.

Джаппуевым зэрыжиIамкIэ, идкIыпсту ди республикэр интернет-губгъуэм дахэ-дахэу кIыщагъэлъагъуэркIыным. Блогерхэм я къалэщIу, гуфIэнтIуэ хамыдзэу, ди щIыналъэм кIыщыхъу кIэхъукIащIэхэм я пэжыпIэм интернетыр кIэзэгъэсэбэпхэр щыгъуазэ хуащIыну. КIыщынэмыщIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ гъащIэм, Iэнэбзэм и тетхуауэ фIы и лъэныкъуэкIэ зи гугъу пщIы хъуну Iуэхугъуэхэри куэд мэхъу. Аэхри къэгъэлъэгъуапхъщ. Блогхэм щызэпсалъэ мэхъу республикэм кIыщыхъу кIэхъукIащIэхэм лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ кIыщIепIъэри.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● ТхылъыщIэ

Усэбзэ дахэ, къулей икIи къабзэ

УсакIуэ цIэрыIуэ, зэдзэкIакIуэ Iэзэ Уэрэзей Афлик «Лlэужь» зыфIища и тхылъыр Налшык и «Эльбрус» тедзапIэм иджыблагъэ кIэщIыдэкIащ.

УСАКIУЭ ныбжьыщIэхэм щапхъэ зытрах Уэрэзей Афлик и къалэмыпэм нэхъапIуэкIэ кIыщIэкIащ «Iуащхьэкъэ», «Къуэжьей къудамэ», «Гъуэгущхьибл» усэ тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

Афлик и усэбзэр дахэщ, къулейиц икIи къабзэщ. Арац куэд кIыззэщIэзыубыдэ и усэхэм щIеджэгъуафIэри. ГъащIэм и гъуджэ мы тхылъыщIэм щызэхэхуэхэщ лъэпкъ хабзэри, тхыдэм и пэжри, лъагъуныгъэри.

Лъэпкъыбзэм, щэнхабзэм я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэу Къэп Мухьэмэд, Нэхущ Мухьэмэд, ХьэфIыщIэ Мухьэмэд, ТхьэкIумащIэ Валерэ, Бицу Анатолэ сымэ яхуитха усэхэри итщ тхылъым.

Кхъужьей щIэхьэкIэм уэрэд кIыщIэзыш жэнэтбзуитIым хууэзышэ, мазэтIуэ жэщыр, сабийм и гуфIэкIэр, бжыхьэ хадэм мыIэрысэ кIыщызыщIыппщащэр, ХьэтIохъуцокъуэхэ я хадэм итжыгейм и лъабжьэм кIыщIэж жыгыщIэр узэIэзэлъагъу усэ тхылъым дэрэжэгъуэ инкъуеут.

Усэм дихьэххэр мы тхылъым зэрыщыгуфIыкIынум, щIэх-щIэхыурэ ар къыззэращтэнум шэч хэлъкъым.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Щэбэт щIыхьэхум фыхэт!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кIищта унафэмкIэ, Налшык къэкIуэным и щIыналъэ администрацэм къалащхьэм дэс псори иретъэбгъагъэ гъатхэпэм и 23-м екIуэкIыну республикэпсо щэбэт щIыхьэхум хэтыну.

А МАХУЭМ къалэжьа ахъшэу щэбэт щIыхьэхум и фондым халъхьэнымкIэ накъыгъэм и 9-м хэуэпсэнщ Хэку зауэшхуэм зэхэтхэмрэ абы ныкъуэдыкъуэ хэхьухьаахэмрэ, зауэм хэкIуэдахэм я щхьэгъусэхэм. Абыхэм дэтхэнэми зэ тыгъуэу сом мини 5 ираты нущ.

Къалэр гъэкъэбзэныкIэ, зэIуэпэщ щIыныкIэ дэжьыгъэ гъатхэпэм и 23-м сыхьэтиц 8-м щегъэжьауэ ирагъэкIуэкIынущ.

Зеиншэхэр, адэ-анэхэм ямыIыж сабийхэр къэзыщтэнухэм къыфпоплъэ

Республикэм и цIыхухэ!

«Урысей зэкъуэт» партым и Унафэщым и щIыналъэ жылагъуэ егъэблагъэпIэм щIыхьэм чанджащ щрат и Iуэхущ-IапIэм сабий зеиншэхэр, адэ-анэхэм ямыпIыж сабийхэр къэзыщтэнухэ зэрыхэтыну хуейхэм сабий зеиншэхэр, ныкъуэдыкъуэхэри яхэту, ззэзышэлIэну мурад зыщIхэм къэралыр къаззрыдэIэпыкъуну щIыIэмэ.

2013 гъэм гъатхэпэм и 22-м сыхьэтипщIым къыщыщIэдзауэ пщыкIублым нэс Налшык къалэ, Лениным и проспектым тет 48-нэ унэм кIыщифпоплъэ фи упщIэ псоми жэуап кIэзытыфынну Iэщ-Iагъэ-лIхэр.

Фыщ-Iэупщ-Iэ хъунущ мы телефонымкIэ: **(8662) 77-00-40.**

● Футбол

«Спартак-Налшык» - «СКА-Энергия» (Хабаровск) - 1:0

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым 2012 - 2013 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ дыгуэгъэ КъэбэрдеЙ-Балъкъэрым и къалащхьэм щекIуэкIа зэIущIэм апхуэдэ бжыгъэ къыриIуащ. Топыр дэзыгъэкIар Медведев Алексейщ.

Спартак-Налшыкымрэ» -СКА-Энергиямрэ я зэIущIэр зэрекIуэкIамрэ зи чэзу джэгугъуэм и уэкIэ турнир таблицэм игъуэта тепIъэмрэ ятеуэуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Исламэ.

● Iуащхьэмахуэ лъапэ

Золтурым фрегъэблагъэ

Махуэ зыбжанэ и пэкIэ Интернет «хъым» лъэбакъуэ щичащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Дзэлыкъуэ щыналъэм туризмэм зыщегъэужьыным теухуауэ зэхэлъхьа Iуэхущ-Iэм (www.zoltur.ru). Абы и къалэнщ Iуащхьэмахуэ и щIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ щIыуэпсым, апхуэдэу, а щIыпIэм и тхьэм щIыхуэкIэ нэхъыфIу щыгъуазэ щIыныр, дегъэхьэхыныр.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрми абы и адрыщкIи цIэрыIуэ щIахуащ куэдым зи хьыбар зэхах, зи псыр щыгуфэ Тамбуканэ, Шэтхъуей гуэлхэр, «Нарзанхэм я ауэ» тIуащIэ гъуэзэджэр, Джылы-Су кIуэладжэм щыIэ псы хущхъуэхэр (Тауэшхэ я псынащхьэ). Абыхэм къищынэмыщIауэ, зыпIлыхьакIуэхэм къапоплъэ иджыблагъэ гъуэгу зыхуэхаша Джэдмышх псыкъельэхэр, КъэнжакI Iуащхьэ тепхъэр, Светловодск жылэм и гъуэгуфIы псы пщтыр къыщIэжьипIэр, Совхозэнэ къуажэм пэмыжьыжьэ къупIыпырыфыр, КъармэкъэблэI Iэгъуэблагъэм зизыгуэша тхъуэбзащхьэ псынащхьилбэр, Зольскэ жылэр зэрыгугъуэ псыкъельэ цIыкIур, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ-IапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгуэхыныгъэхэмкIэ и министерствэ.

Къэзакъхэм я уней лъапсэ

ЩЭБЭТ кIуам, гъатхэпэм и 16-м, Прохладнэ къалэм и уг нэхъыщхьэм нэгъуэжьыжу щрагъэкIуэкIащ Тхъушх махуэр. Сабийхэм, балигъхэр я нэгу зрагъэжьэжащ ажэгъафэхэм, гъуохэм, зэрэджыIакIуэхэм. Апхуэдэу сурэтыщIхэм, сурэттеххэм я лэжьыгъэхэр, егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ я Iуэхущ-IапIэхэм я еджакIуэхэм я Iэдакъэщ-IэкIэр ягъэлъапIэщ. Утым къыщыщIэдзахат къэзакъхэм я уней лъапсэ. ГуфIэгъуэр хуабжу ялэтащ Iуэрыпуатэ гупхэмрэ самодеятельностым и артистхэмрэ.

Прохладнэ къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Крецкий Евгений зэрыжиIамкIэ, мы махуэр сыт щыгъуи зэIущIэу йокIуэкI: «ЦIыкухэм гукъыдэжьыщхэр яIэу загъэпсэху. АдэкIэ гъатхэ лэжьыгъэхэр куэдщи, дэтхэнэри и Iуэху пэрыувэжынущ. Дэ къалэр гъэкъэбзэныр, зэIуэпэщ щIыпIэм теухуа мазитI лэжьыгъэ едгъэкIуэкIынущ, апхуэдэу республикэпсо щэбэт щIыхьэхум гъатхэпэм и 23-м дыэтынущ».

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

● ГуфIэгъуэ махуэ

Къэрал Iуэхухэм хухаха сыхьэтым

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт а Iуэхущ-IапIэм и пэшыщхъэм щахэзащ КъБКъУ-м и социально-гуманитар институтым и курс нэхъыжьхэм щIэс студентхэм «Къэрал Iуэхухэм хухаха сыхьэт» проектым ипкъ иткIэ къыззрагъэпэща зэIущIэр занщIэу интернеткIи ятащ.

СТУДЕНТХЭР хуабжьу яфIэгъэщIэгъэныр едэIуащ министерствэм, абы и унафэм щIэт Iуэхущ-IапIэхэм я лэжьыгъэм теухуауэ министрым жиIахэм. Абы къыхигъэщхьэкIащ институтыр къэзыухъэм социальнэ Iэнатlэм и Iэщ-Iагъэ-лI нэс хъунущ, министерствэм и Iуэхущ-IапIэхэм Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэр щрахъэкIыну Iэмал зэрыщIэкIэр.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр министерствэм и социальнэ Iуэхущ-IапIэхэм ящыщ зым къыщызэрагъэпэщын папщIэ студентхэр социологие къэухтэныгъэхэм къыхихыхьну икIи хъыбарегъащIэ-аналитикэ департаментым дэIепыкIуэну къыхураджащ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ,
КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ-IапIэм и лэжьакIуэ.

Ар захуагъэкъым

Дунейм и щIыпIэ куэдым щытопсэльыхь Кипрым мы махуэхэм якIуэкI хъыбар-хэм: а къэралым и экономикэр зэрыт щытыкIэ гугъуэ къыкIэлъыкIэкIэ. Европэ-зым евро мелардипщI къыритыну къыгъэгугъащ, езым къыгъэувыр зегъэзащIэмэ.

Союзым яхунагъэуващэ, евро мини 100-м нэс банкым щызыхъумэхэм я мылькум налогыщ процентиц 6,75-рэ, минищым щIитху хэзылъхьахэм – процентиц 9,9-рэ хутралъхьэн хуейщ. Кърэлым щыпсэухэр игъэгубжьащ абы. «Ди гуащIэкIэ къэдлэжьахэм еIуэну зыри хуиткъым!», - жиIэ зи мылъку хъумапIэхэм хэлъ псоми. А хъыбарыр къыззрыIуу, куэдым я ахъшэхэр къыхахыжыну яужь ихьат, ауэ ар къайхъулIакъым.

Кипрым и Парламентыр а Iуэхум теухуа законопроектым нобэ хэплъэну траухуащ. Кърэлым и унафэщI-хэм апхуэдэ лъабжьэу ячыным ирихулIэу жиIэ кризисым къызэрымыкIыфынум. Депутатхэм а хабзэр къащтэмэ, щIыхуэкIи абы еувIлэн хуей хъунущ.

УФ-м и Президент Путин Владимиррэ Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрийрэ къагъэлъагъуащ а Iуэхум зэрепхыр. Абыхэми зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ Iэмалым кърэлыр хуеклIуэныр захуагъэкIым. «Апхуэдэ къэхъуэщ, Кипрым ди къэралыр зэрыхущIытын зи-хъужьыныри щыхуэIуа щыIэкIым, - жиIащ УФ-м и унафэщIхэм.

Зауэр щIэх увыIэнукъым

Сирием и президент Асад Башар зэрыжиIамкIэ, зи унафэщI къэралым щекIуэкI зауэр щIэх увыIэнукъым.

«Зауэр куэдрэ екIуэкIынущ, сыту жыпIэмэ, дуней псор зыпэмыльэщ терроризмэм дефэну арац дэ», - жиIащ Асад.

Къэрал унафэщIым къыхигъащIа къапэщIэт кIэуэ-хэм я лIыкIуэхэм епсэльэну

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Емыкъум еплъи, дэзышым еуэ.

Зыгъэхъазырар ЖЪЭКIЭМЫХЬУ Мариэтэ.

НОБЭ

- **Псыщ-Iагъэкъуэ кхъуэхым къулыкъу щызыщIэ кыдэлэжьын и махуэщ**
- 1958 гъэм гъатхэпэм и 19 - 21-хэм Страсбург (Франджы) щызэхэтащ Европэ парламентым и япэ зэIущIэр.
- Къэрал Урыс музейр кызэрызэрагъэпэщ-рэ илъэси 115-рэ ирокIу.
- Композитор, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Къашыргъэ Биталий** Мухьэдинэ илъэс 83-рэ ирокIу.
- КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэ **Дзыхьыщ Зарэ** и ныбжьыщ илъэс 68-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым кызэрыгъэлъагъуамкIэ, Налшык пшэр техъэ-текIыу щыщынущ. Хуабэр махуэм градус 1 - 7, жэщым градусиц 2 - 3 щыхъунущ.

● ЦIыкухэм я щIыналъэ

Ныбжьыщхэр Iэтащхьэ

Къэрал Думэм и УнафэщIым и Iэтащхьэ Володин Вячеслав Къэрал Думэм и УнафэщIым и Iэтащхьэ Володин Вячеслав Урысейм и Президент Путин Владимиррэ Правительствэм и Унафэщ Медведев Дмитрийрэ ныбжьыщхэм я Iэтащхьэ хэтын папщIэ 2013 гъэм гъатхэпэм и 15-м Москва щекIуэкIащ ныбжьыщхэм я форумыр. Форумым хэтащ Урысейм и щIыналъэ псоми щыщ ныбжьыщ 1 мин 500-м нэблагъэ. Форумым и Iэтащхьэ хэтащ Урысейм и Президент Путин Владимиррэ Правительствэм и Унафэщ Медведев Дмитрийрэ.

Форумым и Iэтащхьэ Володин Вячеслав къыхигъэщащ ныбжьыщхэм я щIэныгъэ-зэхэщIыкIэ куэдым ящыщ зэгуэрым ныбжьыщхэм я Iэтащхьэ хэтын папщIэ зэхэщIыкIэ зэрыхэтыр. Ар зэхэщIыкIэ зэрыхэтыр зэрыхъумэрэ зэрыгъэпсэфырэ щIыкIэр зэрыхэтыр. Ныбжьыщхэм я Iэтащхьэ хэтын папщIэ зэхэщIыкIэ зэрыхэтыр зэрыхъумэрэ зэрыгъэпсэфырэ щIыкIэр зэрыхэтыр.

Форумым и Iэтащхьэ Володин Вячеслав къыхигъэщащ ныбжьыщхэм я щIэныгъэ-зэхэщIыкIэ куэдым ящыщ зэгуэрым ныбжьыщхэм я Iэтащхьэ хэтын папщIэ зэхэщIыкIэ зэрыхэтыр. Ар зэхэщIыкIэ зэрыхэтыр зэрыхъумэрэ зэрыгъэпсэфырэ щIыкIэр зэрыхэтыр. Ныбжьыщхэм я Iэтащхьэ хэтын папщIэ зэхэщIыкIэ зэрыхэтыр зэрыхъумэрэ зэрыгъэпсэфырэ щIыкIэр зэрыхэтыр.

Форумым и Iэтащхьэ Володин Вячеслав къыхигъэщащ ныбжьыщхэм я щIэныгъэ-зэхэщIыкIэ куэдым ящыщ зэгуэрым ныбжьыщхэм я Iэтащхьэ хэтын папщIэ зэхэщIыкIэ зэрыхэтыр. Ар зэхэщIыкIэ зэрыхэтыр зэрыхъумэрэ зэрыгъэпсэфырэ щIыкIэр зэрыхэтыр. Ныбжьыщхэм я Iэтащхьэ хэтын папщIэ зэхэщIыкIэ зэрыхэтыр зэрыхъумэрэ зэрыгъэпсэфырэ щIыкIэр зэрыхэтыр.

Форумым и Iэтащхьэ Володин Вячеслав къыхигъэщащ ныбжьыщхэм я щIэныгъэ-зэхэщIыкIэ куэдым ящыщ зэгуэрым ныбжьыщхэм я Iэтащхьэ хэтын папщIэ зэхэщIыкIэ зэрыхэтыр. Ар зэхэщIыкIэ зэрыхэтыр зэрыхъумэрэ зэрыгъэпсэфырэ щIыкIэр зэрыхэтыр. Ныбжьыщхэм я Iэтащхьэ хэтын папщIэ зэхэщIыкIэ зэрыхэтыр зэрыхъумэрэ зэрыгъэпсэфырэ щIыкIэр зэрыхэтыр.

2013 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъуэгу хозяйствэм и лэжьыгъэр тэмэму къызэгъэпэщынымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм мазаем и 7-м №35-ПП

Бюджет ахъшэр къэгъэсэбэпыным къиихь фейдэм хэгъэхъуэн, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм псоми къагъэсэбэпу щыIэ автомобиль гъуэгухэр ягъэува мардэхэм тету зехьэнымрэ зыхуей хуэгъэзэнымрэ япыщIа Iуэхухэр дэгъэкIын мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэщтэн мы Унафэм щIыгъуу:

2013 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъуэгу хозяйствэм хухах ахъшэр зытрагъэкIуэдэнумрэ абы и хэкIыпIэмрэ къыщыгъэлъэгъуауэ зэрытрагуашэр;

2013 гъэм псоми къагъэсэбэп автомобиль гъуэгуу щIыналъэ мыхьэнэ зиIэхэмрэ абыхэм тет ухуэныгъэхэмрэ щIынымкIэ, егъэфIэкIуэнымкIэ титул спискэр;

2013 гъэм псоми къагъэсэбэп автомобиль гъуэгуу щIыналъэ мыхьэнэ зиIэхэмрэ абыхэм тет ухуэныгъэхэмрэ капитальнэу зэгъэпэщыжынымкIэ титул спискэр;

2013 гъэм псоми къагъэсэбэп автомобиль гъуэгуу щIыналъэ мыхьэнэ зиIэхэр зэгъэпэщыжынымкIэ титул спискэр;

2013 гъэм щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъуэгухэм хиубыдэ лъэмыжхэмрэ абыхэм псыр зэрыщIэж бжьамийхэмрэ зэгъэпэщыжынымкIэ титул спискэр;

2013 гъэм щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъуэгухэмрэ абыхэм тет ухуэныгъэхэмрэ щIынымкIэ, егъэфIэкIуэнымкIэ, капитальнэу зэгъэпэщыжынымкIэ, зэгъэпэщыжынымкIэ проект, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я титул спискэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъуэгу хозяйствэм папщIэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм япкъ иткIэ, 2013 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу кредитор щIыхуэ зытелъ IэнатIэхэм я спискэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ТранспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм (ДыщэкI А. З.) хуэгъэувын:

2013 гъэм псоми къагъэсэбэп автомобиль гъуэгухэмрэ абыхэм тет ухуэныгъэхэмрэ лажьэу утIыпщынымкIэ, егъэфIэкIуэнымкIэ, капитальнэу зэгъэпэщыжынымкIэ, зэгъэпэщыжынымкIэ къапэщыт къалэнхэр гъэзэщIэныр къызэригъэпэщыну;

ухуэныгъэу хьэзыр ящIахэм, ухуэныгъэу ирагъэкIуэкIахэр зыхуэдизым, 2013 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъуэгу хозяйствэм зегъэужьыным хухах ахъшэр зыхуэдизым теухуа информацэр отчет щата кварталым къыкIэлъыкIуэ мазэм и 15-нэ махуэм фIэмыкIыу квартал къэс Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансхэмкIэ и министерствэм, Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и ЩIыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм яритыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансхэмкIэ и министерствэм (КIэрэф М. А.) хуэгъэувын 2013 гъэм бюджет ахъшэм и лимитхэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъуэгу хозяйствэм хухах ахъшэр зэрытрагуашэм къезэгъыу финансхэр хуиутIыпщыну.

4. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэдзокъуэ М. М.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ХЬЭСАНЭ Руслан.

• Абы дегъэпIейтей

ХэкIыпIэхэмрэ мурадхэмрэ яубзыху

Ди газетым зэрытетащи, Хамэ къэрал щыпсэу ди хэкуэгъухэмрэ къэзыгъэзэжахэмрэ я IуэхукIэ щыIэ комиссэм и зи чэзу зэIущIэр гъубж кIуам екIуэкIащ. Ар къызэIуихащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ, комиссэм и тхьэмадэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.

РЕСПУБЛИКЭ властыр хамэ къэрал щыхэхэс ди къуэшхэмрэ хэкум къэзыгъэзэжахэмрэ зэрадэлажьэм теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Къумахуэ Мухьэдин.**

- Хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм, ди лъахэм къэIэпхъуэхэм, иIэпхъукIхэм ехьэлIа Iуэхур ди къэралми республикэми япэ щрагъэщ къалэнхэм ящыщщ, - жиIащ Къумахуэм. - Абы теухуауэ программэ, унафэ убзыхуахэм тету зэдолажьэ зи гугъу тщIы Iуэхум епха министерствэ, ведомствэ псори. КъищынэмыщIауэ, къыхэгъэщыпхъэщ Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэр, «Алан» балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэр, «Пэрыт» зэгухьэныгъэр жыджэру къызэрыддэлажьэр.

Къумахуэм и гугъу ищIащ Тыркум щыпсэу ди къуэшхэм я щIэблэм, Мэздэгу районым (Осетие Ищхъэрэ-Алание) ис адыгэ сабийхэм ди республикэм и санаторэхэм 2012 гъэм зэрызыщагъэпсэхуам, хамэ къэрал щыIэ ди лъэпкъэгъухэм ящыщ щIалэгъуалэ хьэрычэтыщIэхэр, IэщIагъэлIхэр лэжьыгъэ IуэхукIэ КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и деж къызэреблэгъам, апхуэдэуи хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр нэхъ быдэ хъуным теухуа зэхыхьэхэр зэрырагъэкIуэкIам.

Къумахуэ Мухьэдин зэрыжиIамкIэ, дызэрыт зэманым гулъытэ хэха зыхуащIхэм ящыщщ Сирие Хьэрып Республикэм къикIыжхэр зыхуей хуэгъэзэныр. Абы папщIэ, республикэм и Iэтащхьэм и унафэкIэ, къэкIуэжауэ щыIэхэмрэ дяпэкIэ къэIэпхъуэжынухэмрэ псэупIэ щыхуащIыну щIыпIэхэр, иратыну дэIэпыкъуныгъэр, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри яубзыхуащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2013 гъэм республикэм къэIэпхъуэжыну хуитхэм я бжыгъэр мин ирикъуащ. НобэкIэ къэкIуажахэм я Iуэху зыIутри дыщIигъуащ.

Абы теухуауэ нэхъ убгъуауэ къэпсэлъа Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** къыхигъэщащ илъэситI хъуауэ Сирием щызэпэщIэт къаруухэм яку цIыху къызэрыгуэкIхэр зэрыдэкIуадэр, куэдым уни мылъкуи зэрамыIэжыр, апхуэдэ лей зылъысхэм ди лъэпкъэгъухэри зэрахэтыр.

- Дэ къытIэрыхьэ хъыбархэм ятепщIыхьмэ, зэрыхьэрийр къызэрыхъейрэ адыгэу цIыху 50 хэкIуэдащ, абыхэм ящыщу щIали 3-рат дзэм хэтыр, адрейхэр а зэтракъута, ди лъэпкъэгъухэр зыдэса къуажи 7-м щыщхэращ. Нобэрей махуэм тепщIыхьмэ, Сирием щызэхэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэм унагъуэ мин 1,5-рэ зришэлIащ, Тыркум цIыху мини 4-м нэс кIуащ, Иорданым мини 3 щыIэщ, Урысей Федерацэм къэзыгъэзэжахэм я бжыгъэр миным щIегъу, - жиIащ Сэхъурокъуэм. - Бэлыхь хэхуа ди лъэпкъэгъу дэтхэнэми дызэрыдэIэпыкъуным иужь дитщ.

ДАХ-м и тхьэмадэм зэрыжиIамкIэ, Сирием и къэрал къулыкъущIапIэхэр зэрызэтракъутам къыхэкIыу, дэфтэрхэр къыдэзымыхыф ди лъэпкъэгъу куэд иджыри къинащ абы. КъищынэмыщIауэ, нэгъуэщI къэралхэм пIалъэкIэ Iэпхъуахэм яхэтщ я адэжь щIыналъэм къэзыгъэзэжын мурад зиIэхэри. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, 2013 гъэм иджыри цIыху миным щIигъу хэкум къэкIуэжынущ.

НобэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Сирием къикIыжауэ цIыху 487-рэ щопсэу, абыхэм ящыщу Налшык дэт санаторэхэм - цIыху 204-рэ щIэсщ, адрейхэм хэти фэтэр къищтащ, хэти унэ къратам Iэпхъуэжащ, хэти и унэкъуэщхэм я деж щыIэщ. Хэкум къэзыгъэзэжахэм я процент 30-р щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ IэщIагъэлIхэщ (дохутырхэр, егъэджакIуэхэр, программистхэр, экономистхэр яхэтщ), адрей процент 70-р курыт щIэныгъэ зэзыгъэгъуэта лэжьакIуэхэщ.

- Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ «Пэрыт» жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ счет щхьэхуэхэр къызэIуахахауэ мэлажьэ, къэзыгъэзэжхэм иридэIэпыкъуу, - къыпищащ адэкIэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. - КъищынэмыщIауэ, цIыху щхьэхуэхэм я уней мылъкум къыхахыурэ Сирием щыщу ди деж щеджэ студентхэм ядэIэпыкъуащ, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм дохутыр кIэлъыплъыныгъэ хуэныкъуэхэм пщIэншэу еIэзэныр къызэригъэпэщащ.

Ди республикэм къэзыгъэзэжахэм я сабийхэр курыт еджапIэхэм щIэгъэтIысхьэнри гулъытэншэу къэдгъэнакъым. Налшык къалэ дэт школхэм ныбжьыщIэ 73-рэ щоджэ, сабийхэми балигъхэми папщIэ урысыбзэмкIэ дерсхэр курыт школ №8-м щокIуэкI. Къэбгъэлъагъуэмэ, ди лъэпкъэгъухэр къызэрыкIуэж махуэрэ адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ хуегъэджэныр къызэрагъэпэщащ Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм.

Сэхъурокъуэм зэрыжиIамкIэ, «Пэрыт» зэгухьэныгъэм лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI ди лъэпкъэгъухэм унэхэр республикэм и район зэмылIэужьыгъуэхэм къыщащэхунымкIэ. Апхуэдэуи Москварэ Налшыкрэ щекIуэкIа псапащIэ концертхэм къахэкIа сом мелуанитIым нэблагъэри а Iуэхум трагъэкIуэдащ.

КъБР-м къэIэпхъуэжахэм ядэIэпыкъунымкIэ щыIэ гугъуехьхэм щытепсэлъыхьым ДАХ-м и тхьэмадэм къыхигъэщащ ди лъэпкъэгъухэр Урысейм къихьэнымкIэ зыхуей дэфтэрхэр гъэхьэзырыным лъэпощхьэпо куэд зэриIэр; къэкIуэжахэр щыпсэу санаторэхэм щыщыIэ щытыкIэм арэзы укъызэримыщIыр, зауэм кърихужьахэм зыри зэраIэщIэмылъым къыхэкIыу, щыгъын хуабэ, унагъуэм къыщагъэсэбэп нэгъуэщI хьэпшыпхэм зэрыхуэныкъуэр; нэхъ щIалэхэр лэжьапIэ гъэувыным и Iуэхур. Абыхэм я хэкIыпIэхэри, дяпэкIэ лэжьыпхъэхэри къыхэщу зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм Хамэ къэрал щыпсэу ди хэкуэгъухэмрэ къэзыгъэзэжахэмрэ я IуэхукIэ щыIэ комиссэм хэтхэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

• ДифI догъуэлъапIэ

Мэжид *(ижьымкIэ щытщ)* йохъуэхъу Лыбанев Владимиррэ Полянский Сергейрэ.

КIэкIыхъу Мэжид и гуфIэгъуэ тIуащIэ

Мы гъэм и мазаер IуэхугъуэфIхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ КIэкIыхъу Мэжид и дежкIэ. Абы и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирикъуащ, Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу зэрыщытри илъэс 20 мэхъу. ПщIэрэ щIыхьрэ зыпылъ гъуэгуанэ къызэринэкIащ Мэжид, абы щыщ зэман куэд зыхухихар жыджэру, бжыгъэкIи хьэлагъкIи къыпхуэмыпщытэну, тенджыз ФIыцIэ Iуфэм Iус шапсыгъхэм я Хасэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ яхуищIа лэжьыгъэрщ.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ

АБЫ ЩЫГЪУЭМ, лъэпкъ зэщIэхъееныгъэр къыщежьагъащIэм, ар лъэ быдэкIэ щыувым, Мэжидрэ абы и дэIэпыкъуэгъухэмрэ ягъэтIылъа жылэр нобэ пыкIэ дахэ зиIэ лъабжьэ хъуащ. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд щыпсэу щIыналъэм Хасэм щиIэ Iулыджым и инагъым зыми шэч къытрихьэркъым, и IуэхущIафэхэр хыболъагъуэ лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэм щызэфIигъэкIа лэжьыгъэм. ГъащIэм и IэнатIэ куэдым - экономикэм, псэукIэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм ехьэлIахэм - лэжьыгъэм и пIалъэ щызригъэщIащ Хасэм. Шапсыгъхэм я дежкIэ хъуэпсапIэ къудейуэ щыта куэд гъащIэм щыщ Iыхьэ хъуащ КIэкIыхъумрэ абы къыкъуэтхэмрэ я фIыгъэкIэ.

Дыщыпсэу щIыпIэм ис лъэпкъыжьым и Iуэху дэзыгъэкI жылагъуэ зэгухьэныгъэр зи ужь имыт гъуэтыгъуейщ: шапсыгъхэм я конституцэ хуитыныгъэхэр хъумэныр, щIыпIэ, щIыналъэ властхэм запыщIэныр, къуажэхэм я социально-экономикэ Iуэхухэр дэгъэкIыныр, псэкупсэр хъумэныр, фэеплъхэм гулъытэ яхуэщIыныр, къуэш республикэхэм, хамэ къэрал щыхэхэс адыгэхэм, лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныр.

- Адыгэ Хасэм и пащхьэ къит къалэнхэр куэд мэхъу, - жеIэ КIэкIыхъу Мэжид. - Дэ, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым ещхьу, ди псэукIэр, егъэджэныгъэр, щэнхабзэр, щIалэгъуалэ политикэр егъэфIэкIуэным хуэлажьэ министерствэ, IуэхущIапIэ щхьэхуэхэр диIэкъым. А псори зи пщэ къыдэхуэр Шапсыгъ Хасэращ. Ауэ щыхъукIи, ди лъахэм щылажьэ къэрал къулыкъущIапIэхэм зыкIи дапэщIэувэркъым, атIэ куэд щIауэ абыхэм купщIафIэу дадолажьэ. Апхуэдэ зэхущытыкIэ, зэдэлэжьэкIэ зэтеублам къыпэкIуэ Iуэхухэри Iейкъым. Дэ ди къалэн нэхъыщхьэр ди лъахэгъухэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр къэгъэлъэгъуэнырщ, абыхэм я хэкIыпIэхэр къэлъыхъуэнырщ, лъэпкъым и Iуэху дэкIынымкIэ зэрытхузэфIэкIкIэ дыдэIэпыкъунырщ. Ар, дауи, пщэрылъ цIыкIукъым. АтIэ зэман, къару, мылъку зытекIуадэ Iуэхушхуэщ.

Жылагъуэ лэжьыгъэр, псоми зэращIэщи, инщ, фейдэ, фIыщIэ къызыпэмыкIуэщ. Зи ужь уихьар зэбгъэхъулIэн папщIэ лъэпощхьэпо куэдым уаблэкIын хуей мэхъу.

Шапсыгъ Адыгэ Хасэм теухуауэ КIэкIыхъум депсэлъылIэным щхьэусыгъуэ хуэхъуар, ипэкIэ зэрыжытIащи, и гуфIэгъуэ тIуащIэращ. Абы ехъуэхъуну пшыхьым кърихьэлIащ и ныбжьэгъухэр, и къуажэгъухэр, Сочэ къалэм, ТIуапсы куейм и жылэхэм щыщ лIыкIуэхэр. Мэжид деж къэпсэлъащ, хъуэхъу телеграммэхэр къагъэхьащ Краснодар крайм и япэ вице-губернатор **Хьэту Жамболэт**, Адыгэ Республикэм и премьер-министр **КъумпIыл Мурат**, Сочэ и Iэтащхьэ **Пахомов Анатолэ**, Сочэ и къалэ Зэхуэсым и унафэщI **Луцык Анатолэ** сымэ.

Мэжид и гуфIэгъуэр даIэтыну пшыхьым кърихьэлIащ Лазаревскэ куейм и администрацэм и Iэтащхьэ **Полянский Сергей**, ТIуапсы куейм и депутатхэм я советым и тхьэмадэ **Хъущт Мэжид**, тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм Iус шапсыгъхэм я нэхъыжьхэм я советым и унафэщI **Гъуафэ Руслан**, Сочэ и къалэ Зэхуэсым и депутатхэр, а къалэмрэ ТIуапсы куеймрэ я Iимам нэхъыщхьэ **Щхьэлахъуэ Батмызэ**, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэм хэта, Адыгэ Республикэм и Парламентым и депутат **КIэрмыт Мухьдин** АР-м и Къэрал Советым - Хасэм къыбгъэдэкI ЩIыхь тхылъыр Мэжид иритыжащ. Апхуэдэуи АР-м щызэхэт Адыгэ Хасэм, АР-м Лъэпкъ IуэхухэмкIэ, хамэ къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъухэм запыщIэнымкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Щхьэлахъуэ Аскэр**, ТIуапсы район администрацэм и Iэтащхьэ **Лыбанев Владимир** сымэ къабгъэдэкI хъуэхъухэри лъагъэIэсыжащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къикIа хьэщIэ лъапIэхэм - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ** Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ** я хъуэхъу псалъэхэмрэ тыгъэхэмрэ нэмыщI, къеджащ адыгэ лъэпкъ щэнхабзэр хъумэнымрэ абы зегъэужьынымкIэ фIыщIэ ин зэриIэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщыным теухуауэ КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен къыдигъэкIа унафэм.

Зи махуэр зыгъэлъапIэ КIэкIыхъу Мэжидрэ абы и хьэщIэхэмрэ папщIэ а пшыхьэщхьэм къэфащ **«Шапсугия»** цIыхубэ ансамблымрэ **«Кабардинка»** къэрал академическэ ансамблымрэ хэтхэр, адыгэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу **Ташло Алийрэ Хьэрэдурэ Динэри** пшыхьыр ягъэдэхащ.

НЫБЭ Анзор.

«Кабардинка» ансамблым и солистхэр.

• Коллегиехэр

Зэщхьэщыхауэ щытопсэлъыхь

КъБР-м ЭнергетикэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкIэ и министерствэм и коллегием и зэIущIэм щызэпкърахащ нэгъабэ я лэжьыгъэр зыхуэдамрэ мы гъэм къапэщыт къалэнхэмрэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ вице-премьер Уянаев Казым, республикэм и хуабэ-энергетикэ комплексым и IэнатIэхэм, псыкIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэхэм, фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ организацэхэм я унафэщIхэр, ирагъэблэгъа IэщIагъэлIхэр.

МИНИСТР **Кучменов ТIэхьир** и отчет докладым къызэрыщигъэлъэгъуамкIэ, 2012 - 2016 гъэхэм, апхуэдэу 2020 гъэ пщIондэ КъБР-м электроэнергетикэм зэрызыщиужьынум и схемэмрэ и программэмрэ ягъэхьэзырри къащтащ. Республикэр псыежэххэмкIэ зэрыкъулейр къалъытауэ, гигаватт мин 18-м тещIыхьа гидроэлектростанц цIыкIухэр ухуэным гулъытэ хэха хуащIынущ, электросетхэм къыхагъэхъуэнущ.

- «Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм электрокъарур ятезыгуашэ компание» ОАО-м (МРСК СК) и инвестицэ программэм ипкъ иткIэ, илъэсихым кърихубыдэу абы и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм сом меларди 4-рэ мелуан 568-рэ хухахынущ. Ток кIапсэу километр 589,6-рэ дукъуэдиину, трансформаторхэм я лъэщагъым мегаватти 181,84-кIэ хэдгъэхъуэну ди мурадщ. «РусГидро» ОАО-м и инвестицэ программэмкIэ республикэм и гидроэнергетикэм сом меларди 4-рэ мелуан 909-рэ къыхалъхьэну дыщогугъ. Бахъсэн ГЭС-р къызыхуэтыншэу зэдгъэпэщыжынущ, мегаватт 28,8-рэ къэзытыну Зэрэгъыж гидроэлектростанц мыиныр 2014 гъэм и кIэм едгъэжьэнущ. КъищынэмыщIауэ, «Балъкъэр Ипщэ», «Гуэл щхъуантIэ» ГЭС-хэр, Курп гидростанц гупхэр духуэну ди мурадщ, - жиIащ къэпсэлъам. - Нэгъабэ республикэм электрокъарууэ киловатт-сыхьэт зы меларди рэ мелуан 479,1-рэ къыщагъэсэбэпащ, ди станцхэм киловатт-сыхьэт мелуан 482-рэ къыщалэжьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ псоми газыр нэсащ. Мы зэманым ар цIыху мин 800-м щIигъум, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэу мини 4-м яIэрохьэ, илъэс къэс кубометр мелардрэ мелуани 4-рэ къагъэсэбэп.

АдэкIэ министрыр къытеувыIащ «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм я щIэгъэкъуэн фонд» къэрал корпорацэм зэрыдэлажьэ щIыкIэм. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, зи пIалъэр икIа псэупIэм щIэсхэр гъэIэпхъуэным, къат куэд хъу унэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуани 166,8-рэ нэгъабэ хухахащ. Республикэм а Iуэхум мелуан 49,8-рэ хилъхьащ.

- Отчет лъэхъэнэм кърихубыдэу цIыху 201-рэ псэупIэщIэхэм дгъэIэпхъуэжащ, фэтэр куэд хъу унэу 60 къызы[illegible] зэгъэпэщыжащ. Коммунальнэ инфраструктурэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ мы гъэм щегъэжьауэ Фондым мылъку хухихынущ. Абы ипкъ иткIэ, республикэ программэщIэ дгъэхьэзырынущ. Иджы мы гъэм федеральнэ бюджетым къыхэкIыу къытIэрыхьэну сом мелуан 276,3-р Iуэхугъуищым тещIыхьащ. Сом мелуан 225,1-р псэупIэжьхэм щIэсхэр къыщIэгъэкIыным, мелуан 36,3-р къат куэд хъу унэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным, сом мелуан 15-р коммунальнэ инфраструктурэм зегъэужьыным теухуа программэхэм къыщыдгъэсэбэпынущ. Къэгъэлъэгъуапхъэщ ди республикэм дяпэкIэ абыхэм мылъку нэхъыбэ хилъхьэн зэрыхуейр, къапщтэмэ, мы илъэсым сом мелуани 155,9-кIэ хэувэну къыпэщытщ, - къыхигъэщащ Кучменов ТIэхьир.

Министрым зэрыжиIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэм хохьэ котельнэу 329-рэ, хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэу 12, ар къэзыт пункт нэхъыщхьэу 52-рэ, хуабэ кIуапIэу километр 412-рэ, псы къыщIэшыпIэу 584-рэ, зэхуэхьэсыпIэрэ пыдзапIэу 53-рэ, псы гуэшыпIэу километр мини 4-м нэблагъэ. Ахэр насос зэмылIэужьыгъуэу 586-м, псыуэ кубометр мини 100 зэрагуэшым хуэдэу 290-м ягъэлажьэ. Хуабэ къарууэ гкал мелуанрэ 282,2-рэ нэгъабэ къалэжьащ, республикэм щыпсэухэм я процент 99,8-м псы къабзэ яIэрохьэ.

- «2011 - 2015 гъэхэм КъБР-м и псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэр реформэ зэращIынумрэ зэрырагъэфIэкIуэнумрэ» республикэ программэ хэхар мэлажьэ. Абы зэрыщыубзыхуам тету, зи пIалъэр икIа бжьамийхэр километр 22-м щызэтхъуэкIащ, псы къыщIэшыпIи 2 дубрууащ, гуэшыпIитI дгъэуващ, - къигъэлъэгъуащ министрым. - Мы гъэм зэфIэдгъэкIыну ди мурадхэм сом мелуан 447,8-рэ хухахащ. Абы щыщу мелуан 321,2-р республикэм и мылъкущ. Къыдата ахъшэмкIэ жыы хъуа псы кIуапIэхэр, хуабэ гуэшыпIэхэр, фIей щIэжыпIэхэр, хуабэ-механикэ IэмэпсымэхэрIэ тхъуэжынущ, котельнэхэр зэпытщIэнущ, дызыхуеижыну гъэтIылъыгъэхэр къэтщэхунущ.

Республикэм и ЖКХ-м и IэнатIэхэм сом меларди 2-рэ мелуани 166,2-рэ и уасэ лэжьыгъэ нэгъабэ зэфIагъэкIащ. Хуабэрэ псыкIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэхэм бюджетым сом мелуани 115,5-рэ, абы щымыщ фондхэм мелуани 130,1-рэ халъхьащ. Хуабэ энергием и тарифыр нэхъыбэ [illegible] «2006 - 2013 гъэхэм КъБР-м и хуабэ-энергетикэ комплексым и IуэхущIапIэхэм я финанс щытыкIэр зэрырагъэфIэкIуэнур» республикэ программэ хэхам тету къызэрагъэпэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и хуабэ-энергетикэ IэнатIэм и IуэхущIапIэхэм мы илъэсым сом мелуан 347,3-кIэ зыщIагъэкъуэнущ.

Министерствэм хыхьэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр зэпкъриха нэужь, Кучменов ТIэхьир дызытехьа илъэсым къапэщыт къалэнхэр игъэнэIуащ.

Абы жиIам дыщIагъужу зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмрэ, ЖКХ-мрэ ТЭК-мкIэ и комитетым и унафэщI **Гриневич Валерэ**, республикэм и къэрал псэупIэ инспекцэм и Iэтащхьэ **Къэжэр Нажмудин**, «Къэббалъкъгаз» ОАО-м и гъэзэщIакIуэ унафэщI **ТIыгуэ Ислъам**, Iуащхьэмахуэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Улымбащ Арслъэн**, нэгъуэщIхэри. «Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм электрокъарур тезыгуашэ компание» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и тхьэмадэ **Гъубжокъуэ Юрэ** къызэригъэлъэгъуамкIэ, сом зы мелардрэ мелуан 626-рэ и уасэ Iуэхутхьэбзэ нэгъабэ зэфIагъэкIащ, токыр къэзыгъэсэбэпхэм киловатт-сыхьэт мелардрэ мелуан 479-рэ хуаутIыпщащ. Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ къапэщытар процент 97-кIэ ягъэзэщIащ, инвестицэ программэм сом мелуан 411,7-рэ къыщагъэсэбэпащ. IэнатIэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным, цIыхухэр фэбжьхэм ящыхъумэным гулъытэ хэха хуащIащ, я лэжьакIуэ 677-м я щIэныгъэм хагъэхъуащ.

- Ику ит улахуэр ди деж сом мин 24-м щыноблагъэ. Зы мази къэмынэу ар и чэзум ядот. КъищынэмыщIауэ, хабзэкIэ зэрагъэувам и лейуэ, гузэвэгъуэ зиIахэм дэтхэнэми сом мин 620-кIэ, сабий къызыхуалъхуахэм - мини 188-кIэ, унагъащIэхэм сом мин 68-кIэ, сымаджэ хьэлъэ хъуахэм - мини 170-кIэ, отпуск кIуэхэм - мини 5-м щIигъукIэ, зызыгъэпсэхуну тIысыжхэм - мин 44-кIэ, зи юбилейр зыгъэлъапIэхэм - сом мин 785-кIэ защIэдгъэкъуащ. А IуэхуфIым мы гъэми пытщэнущ, - жиIащ Гъубжокъуэ Юрэ.

Апхуэдэ гулъытэм куэд зэриIыгъыр, ар зэрыщапхъэфIыр къигъэлъагъуэри, **Уянаев Казым** къыхигъэщащ министерствэм и IэнатIэхэм я нэхъыбэр нэгъабэ зэуIуу зэрылэжьар, я къалэнхэм мылейуэ зэрыпэлъэщар, зыужьыныгъэм хуэунэтIауэ мы илъэсым къыхалъхьэну Iуэхугъуэхэри зэрыдаIыгъынур.

Къапэщыт къалэнхэм тепсэлъыхьу япэ игъэщыпхъэхэр ягъэбелджыла нэужь, ахэр унафэкIэ щIагъэбыдащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Урысей Федерацэм хэхыныгъэмкIэ и системэр илъэс 20 зэрырикъум теухуа тхыгъэ нэхъыфIу цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрадзахэр къыхэхынымкIэ Урысейпсо конкурсым и IуэхукIэ

Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм и Унафэ

2012 гъэм жэпуэгъуэм 3-м Москва къалэ №143/1086-6

Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм и Секретарь Конкин Н. Е. къыхилъхьа информацэм едэIуауэ, Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм **унафэ ещI:**

1. Урысей Федерацэм хэхыныгъэмкIэ и системэр илъэс 20 зэрырикъум теухуа тхыгъэ нэхъыфIу цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрадзахэр къыхэхынымкIэ Урысейпсо конкурс (адэкIэ - Конкурсщ) егъэкIуэкIын.

2. Урысей Федерацэм хэхыныгъэмкIэ и системэр илъэс 20 зэрырикъум теухуа тхыгъэ нэхъыфIу цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрадзахэр къыхэхынымкIэ Урысейпсо конкурсым теухуа положенэр къэщтэн (гуэдзэн №1).

3. Урысей Федерацэм хэхыныгъэмкIэ и системэр илъэс 20 зэрырикъум теухуа тхыгъэ нэхъыфIу цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрадзахэр къыхэхынымкIэ, Урысейпсо конкурсым къэрикIуахэр къипщытэжынымкIэ конкурс комиссэ (адэкIэ - конкурс комиссэщ) къызэгъэпэщын (гуэдзэн №2).

4. Конкурс комиссэм и пщэ илъхьэн конкурсым къагъэхьа тхыгъэхэм хэплъэу абы кърикIуахэм ятеухуа информацэр 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м фIэмыкIыу Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм иритыну.

5. Конкурсыр егъэкIуэкIыным трагъэкIуэдэну ахъшэр (саугъэтхэр етыным, дэтхэнэри щыпсэу щIыпIэм къикIыу Москва къызэрыкIуэнумрэ зэригъэзэжынумрэ текIуэдэну гъуэгупщIэр хуэпшыныжыным, конкурсым щытекIуахэр хьэщIэщым зэрыщыпсэуну уасэр, пощт Iуэхутхьэбзэхэм трагъэкIуэдэнур) къыхэгъэкIын Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм и лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным хухаха ахъшэм.

6. Мы Унафэр «Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм и хъыбарегъащIэ» журналым къытрегъэдзэн.

Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм и УнафэщI ЧУРОВ В. Е.

Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм и Секретарь КОНКИН Н. Е.

• КъБР-м и Пенсэ фондым

Хуэди 4,5-кIэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыдигъэкIащ сабий ныкъуэдыкъуэ зиIэ мылажьэ адэ-анэхэм хухах социальнэ ахъшэм хуэди 4,5-кIэ хэзыгъахъуэ унафэ.

- ИЛЪЭС 18 мыхъуа бын ныкъуэдыкъуэхэр е и ныбжьым емылъытауэ ныкъуэдыкъуагъэкIэ япэ гупым щыщ сабийхэр зыпI адэ-анэхэм ират социальнэ ахъшэм хуэди 4,5-м щIигъукIэ хэзыгъахъуэ Указым Iэ щIэздзащ, - щыжиIащ Путин Владимир Лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщIэнымрэ демографие политикэмкIэ Президентым деж щыIэ советым и зэIущIэм.

Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, иджы ар сом мини 5,5-рэ хъунущ икIи сабийм хухах социальнэ пенсэм щIыгъуу ятынущ.

Ахъшэм зыхущIагъур сабий ныкъуэдыкъуэм кIэлъыплъ адэ-анэхэм я зырщ.

Iэмалыншэу узыхуейщ

«Пластик картэ удзыфэ цIыкIуэ» цIыхухэр зэдэжэ фIэкIыпIэншэ пенсэ страхованэм (СНИЛС) и щыхьэт тхылъыр гъащIэм къриубыдэу зэратыр зэщ.

СОЦИАЛЬНЭ Iуэхутхьэбзэхэр, льготэхэр щагъэбелджылыкIэ, къэкIуэну пенсэхэр щагъэувкIэ, ар Iэмалыншэу узыхуейщ, абыкIэ къэрал Iуэхутхьэбзэхэм я порталыр къэзыгъэсэбэпыр хэтми ирызэхагъэкI. Пенсэ фондым страховой взносу щызэхуахьэсам, къыщынэмыщIауэ, лэжьэн зэрыщIадзэ страховой стажу яIэм теухуа хъыбар псори зратхэ счет хэхар зейм и страховой номерыр СНИЛС-м къыщагъэлъагъуэ. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ зэманым лажьэ студентхэми еджакIуэхэми страховой взносхэр хуат.

Фигу къыдогъэкIыж: фыщыпсэу щIыпIэм щыIэ Пенсэ фондым и IуэхущIапIэм СНИЛС-р къыщеIыфх хъунущ.

Урысейм и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-IуэхущIапIэ.

● Япэ итахэр

Гугъуехьхэм зэи къапикІуэтакъым

Ди республикэм и тхыдэм, псом хуэмыдэу абы и егъэджэныгъэ ІэнатІэм къикІуа гъуэгуанэм зи цІэ къыхэбелджылыкІхэм ящыщщ КъБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, УФ-м егъэджэныгъэмкІэ и отличник Пащты СулътІан Аслъэмырзэ и къуэр. Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ къапэкІуэу ЩІыхь Орденым и нагъыщитІыр, Вагъуэ Плъыжь орденыр, Хэку зауэ орденым и етІуанэ нагъыщэр, нэгъуэщІ къэрал дамыгъэ лъапІэхэр зыхуагъэфэща, зауэ нэужь лъэхъэнэм зэфІэкІрэ щІэныгъэу бгъэдэлъыр щІыналъэм егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ ІэнатІэр щегъэфІэкІуэным хуэзыгъэпсу, пщІэрэ щІыхьрэ зиІэу дунейм тета цІыхущ Пащтыр. Псэужамэ, абы и ныбжьыр илъэс 90 ирикъунут.

Пащты СулътІан

ПАЩТЫ СулътІан Бахъсэн районым хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм 1923 гъэм къыщалъхуащ. Жылэм дэт илъэсибл школыр ехъулІэныгъэ иІэу къиуха нэужь, щІалэ жыджэрыр и егъэджакІуэхэм я чэнджэщкІэ щІэтІысхьащ Налшык дэта педрабфакым. ГъащІэщІэр къэралым щыщаухуэ зэманти, цІыхубэм нэхурэ щІэныгъэрэ къахуэзыхь ІэщІагъэлІхэр, псом хуэмыдэу егъэджакІуэхэр, дэнэкІи щымащІэт. А ІэщІагъэм илъэсищкІэ хуеджа СулътІан пэщІэдзэ классхэм я егъэджакІуэу Къармэхьэблэ дэт школым ягъэкІуащ. Апхуэдэу къыщІидзащ фІыгъуэ куэд къезыта, езыми и гуащІэшхуэ зыхилъхьа егъэджакІуэ гъуэгуанэр.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям, Пащтым дзэм къулыкъу щищІэрт. Фочауэхэр, радистхэр щагъэхьэзыру Краснодар дэта школыр къэзыухахэм яхэту Пащтыр зауэм щыІухьащ Мелитополь, Новокузнецк къалэхэм япэмыжыжьэу. 1942 гъэм и накъыгъэм къыщыщІэдзауэ ар щызэуащ Сталинград и Іэшэлъашэхэм, къалэр бийм щызыхъумэ, генерал Руссиянов зи унафэщІ гвердейскэ корпусым хэту. Сталинград деж щекІуэкІа зауэ гуащІэхэм СулътІан и псэ емыблэжу щапэщІэтащ бийм, мызэ-мытІэуи уІэгъэ хьэлъэ хъууэрэ сымаджэщым щІэлъащ. Къалэр щихъумэм къытехуауэ щыта лагъым къутахуэр Пащтым илъэс 56-кІэ кърихьэкІащ и дамэм хэлъу. ИужькІэ операцэ ящІри къыхахыжауэ щытащ. А щІыпІэм, псэзэпылъхьэпІэ хьэлъэм икІи зауэм и зэхэгъэкІыпІэ шынагъуэм, щызэрихьа хахуагъэм папщІэ Пащтым къыхуагъэфэщауэ щытащ къэрал дамыгъэ лъапІэ куэд, ЩІыхь Орденым и ещанэ, етІуанэ нагъыщэхэри яхэту. Абы щыгъуэм ар хагъэхьауэ щытащ коммунист партми.

Сталинград бийм щахъума нэужь, 1944 гъэм Пащтыр зыхэт фочауэ дивизэр щызэуащ Запорожье, Днепропетровск къалэхэм я гъунэгъуу. Абдеж зауэлІ хахуэр еплІанэу уІэгъэ щыхъуащ, ауэ ари иужьрейтэкъым япэ итхэм ящІыгъуу бийм ебгъэрыкІуэ адыгэ щІалэм и дежкІэ. Сымаджэщым нэхъыфІ щыхъужа нэужь, ар аргуэру фронтым Іухьэжащ икІи Украинэм, Румынием, Чехословакием, Венгрием щызэуащ. ЕтхуанэбиишЭр сэлэт хахуэм къыщытехуащ Венгрием щыІэу. ЗимыщІэжу хьэлъэу ар гъэр ящІащ, арщхьэкІэ мыбдежми лІыгъэ къыкъуэкІащ Пащтым. ГъэрыпІэм цІыхугъэ щыхуэхъуа зауэлІ гупым я пашэу ар къыщІэпхъуэжыфащ, ди дзэми къахыхьэжыфащ, и зауэ гъуэгуанэми адэкІэ пищащ. Хэку зауэшхуэр иухыху Іутащ ар фронтым. ИужькІэ Япон зауэми хэтащ.

Пащты СулътІан щалъхуа и щІыналъэм и лъэр щытеувэжар 1946 гъэращ. Мамыр гъащІэм хуэпабгъэу къэкІуэжа зауэлІ хахуэм, лейтенант нэхъыжьым и бгъэгум щылыдырт зауэм щызэрихьа лІыгъэхэм папщІэ кърата ордениплІрэ медалиблрэ, апхуэдэу абы къыхуагъэфэщат Советыдзэхэм я Командующэ Нэхъыщхьэ Сталиным къыбгъэдэкІ ФІыщІэ тхылъи. Коммунист жыджэрым занщІэу дзыхь къыхуащІащ жэуаплыныгъэ зыпылъ парт ІэнатІэ. Ар ягъэуващ КПСС-м и Куба райкомым пропагандэмрэ агитацэмкІэ и къудамэм и унафэщІу, иужькІэ къызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ къудамэм и пашэуи лэжьащ. ЗэфІэкІ лъагэ, гупсысэ шэщІа, акъыл нэху зиІэ Пащтыр мыгувэу ягъэуващ райкомым и секретару. А парт къулыкъум пэрытурэ, СулътІан къиухащ Геленджик къалэм дэт парт школыр, иужькІэ КъБКъУ-м и тхыдэ факультетыр.

ПщІэ зиІэ парт къулыкъу лъагэ зэрихьэми, Пащтым и гум сыт щыгъуи илът егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іуэхур. Дауи, ар зыпэрыт ІэнатІэри куэдкІэ епхат цІыхубэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным, къэралым хуэфащэ щІэблэ къэгъэтэджэным, арщхьэкІэ егъэджэныр зи псэм хэлъ цІыхум и дежкІэ ар мащІэт.

- Ди адэр егъэджакІуэ ІэщІагъэм къыхуалъхуауэ зыхужаІэ цІыхухэм ящыщт. Гува-щІэхами, абы а ІэнатІэм зэригъэзэжынур нэрылъагъут, - и адэр игу къигъэкІыжу жеІэ абы и къуэхэм ящыщ, «КПРФ» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и пашэ Пащты Борис. - Абы хуабжьу фІыуэ илъагъурт и щІалэгъуэм къыхиха ІэщІагъэр, абы пыщІа псори. Апхуэдэу ди адэр ущиякІуэ, унэтІакІуэ гъуэзэджэт. Ухимыгъэзыхьыщэу, къыптримыкъузэу, абы гъуэгу захуэм утришэфырт. Абы хуэщІат абы и псалъэ Іущхэри, чэнджэщ лъапІэхэри, езым и гъащІэ щапхъэри.

Илъэс 35-м щІигъукІэ Пащты СулътІан хэтащ егъэджэныгъэ ІэнатІэм. Пэжыгъэр, жэуаплыныгъэр, зэпІэзэрытыныгъэр, цІыху хэтыкІэ лъагэр, зэхэщІыкІ куур зи хьэл цІыху щыпкъэм дзыхь къыхуащІ дэтхэнэ ІэнатІэри иригъэфІакІуэрт. Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм дэт курыт школ №4-м и унафэщІу щыщыта илъэсхэр ноби ящІэж жылэм дэсхэм, а лъэхъэнэм абы къыдэлажьахэм, иригъэджахэм. Пащтым и фІыгъэкІэ, школым къыщызэрагъэпэщауэ щытащ еджакІуэхэм я производственнэ бригадэ. Абы и лэжьыгъэр апхуэдэу къызыхуэтыншэу зэтеубла хъуати, щІэх дыдэу хьэр къиту хуежьащ. НыбжьыщІэхэм я гуащІэдэкІ лэжьыгъэм къэрал гулъытэ игъуэтауэ щытащ. Абыхэм я зэфІэкІыр щагъэлъэгъуащ Союзпсо мэкъумэш гъэлъэгъуэныгъэм, абы и дыжьын медалри къыхуагъэфэщат. УнафэщІ ІэкІуэлъакІуэм и нэІэм щІэту лэжьахэм, еджахэм зэрыжаІэжымкІэ, Пащтыр адрейхэм къахэщырт и Іуэху зехьэкІэ пэрытымкІэ, гупыр зы мурадышхуэм хуиунэтІыфырт, зэкъуигъэувэрт, ехъулІэныгъэм хуишэрт.

1961 гъэм Пащтым ІэщІалъхьащ Бахъсэн районым егъэджэныгъэмкІэ и ІэнатІэр. А къалэнымр абы илъэс зыбжанэкІэ зэрихьащ, пэжу, гугъуехьхэм къапимыкІуэту, игъэлажьэхэм щапхъэ яхуэхъуу. ИужькІэ СулътІан лэжьащ Бахъсэн дэт етІуанэ курыт школым, итІанэ езанэм я унафэщІу. А илъэсхэм Пащтым аргуэру къызыкъуихащ зэфІэкІ куэд. Ар зи унафэщІ ІуэхущІапІэр районым пашэ щыхъурт еджэнкІи, гъэсэныгъэкІи, жылагъуэ ІуэхухэмкІи. Дэтхэнэ ІуэхуфІми и жэрдэмщІакІуэт унафэщІ гумызагъэр.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ ІэнатІэм щызыІэригъэхьа ехъулІэныгъэ лъагэхэр, бгъэдэлъ зэчиишхуэр къалъытэри, Пащты СулътІан къыфІащауэ щытащ цІэ лъапІэхэр, къэрал дамыгъэхэр.

И ныбжьыр нэсу пенсэм кІуа нэужьи, СулътІан тІысыжакъым. Япэ щІыкІэ ар лэжьащ район фильмотекэм и унафэщІу, иужькІэ щытащ ветеранхэм я Бахъсэн куей советым и пашэу. А жылагъуэ ІэнатІэри пщІэ пылъу ирихьэкІащ Пащтым, районым и ныбжьыщІэхэм, щІалэгъуалэм хэкупсэ гъэсэныгъэ ядригъэкІуэкІыу, абыхэм яхуэзэрэ епсэлъылІэу, гупсысэхэмкІэ ядэгуашэу.

Апхуэдиз лэжьыгъэфІ зи ІэрыкІ Пащтым унагъуэ дахи иухуащ. СулътІан и щхьэгъусэ Нини егъэджакІуэти, тІуми я къару куэд халъхьащ а ІэнатІэр егъэфІэкІуэным. Зэщхьэгъусэхэм я ехъулІэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ абыхэм я бынхэр. Абыхэм псоми щІэныгъэ нэхъыщхьэ яІэщ, я гум къыхиха ІэщІагъэхэм иролажьэ, гъащІэм увыпІэ екІу щагъуэтауэ, унагъуэ щхьэхуэ хъужауэ. Быным я нэхъыжь Эммэ, и адэм ещхьу, курыт школым тхыдэр щрегъэдж. Валерэ дзэ академиер къиухащ, абы епха ІэнатІэм Іутщ. Борис жылагъуэм щыцІэрыІуэ, пщІэшхуэ щызиІэ цІыхущ. Илъэс зыбжанэкІэ министру лэжьащ, иджыблагъэ дзыхь къыхуащІащ Компартым и щІыналъэ къудамэм и япэ секретару щытыныр. Абы къыкІэлъыкІуэ Ритэ экономистщ, ІэнатІэ хьарзынэ иІыгъыу мэлажьэ. Зэдэлъхузэшыпхъухэм я нэхъыщІэ Альберти щІэныгъэ нэхъыщхьэ иІэщ. Ар адэжь лъапсэм и хъумакІуэщ.

Унагъуэ дахэм нобэ ящхьэщытыжкъым нэхъыжьыфІыр. Илъэс зыбжанэ и пэкІэ ар дунейм ехыжащ. Езыр щымыІэжми, ди гъащІэм къыхэнащ Пащты СулътІан, зауэлІ хахуэм икІи егъэджакІуэ Іэзэм, и фэеплъ дахэ куэд. Абы и псалъэ Іущхэмрэ бгъэдэлъа Іуэху зехьэкІэ екІумрэ иджыри я щапхъэщ къыщІэна и унагъуэм, и бынхэм, къыдэлажьэу щытахэм, иригъэджахэм. Пащты СулътІан Аслъэмырзэ и къуэм и цІэр зэрехьэ Бахъсэн къалэм и уэрамхэм ящыщ зым. А цІэм иропагэ ар зыфІаща езанэ курыт школу Бахъсэн дэтым и гъэсэнхэри. Апхуэдэхэм я фэеплъыр куэдрэ жылагъуэм щахъумэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ЩытыкІэм арэзы дыкъищІыркъым

● Іуэху еплъыкІэ

Адыгэхэм яІэщ зыгъэгузавэ Іуэху куэд. Абыхэм я нэхъыщхьэ дыдэр ди анэдэлъхубзэм ехьэлІахэр зэрыарам зыми шэч къытрихьэу къыщІэкІынкъым, ситу жыпІэмэ мы зэманым а лъэпкъ фІыгъуэ нэхъыщхьэм иІэ щытыкІэм зыкІи арэзы укъищІыркъым.

ХьэщІэлІ МуІэзин

БЗЭМ теухуауэ нобэ дызыхэт гузэвэгъуэм хуэдэхэр дунейм тет лъэпкъ цІыкІу куэдым ягъэунэхуащ. Москва къэрал университетым и экспедицэ гупхэм ирагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм ятепщІыхьмэ, Урысей Федерацэми иужьрей зэманым лъэпкъ цІыкІу зыбжанэм я бзэхэр щафІэкІуэдащ - ауэ щыхъукІэ, езы лъэпкъхэри щыІэжкъым.

Бзэхэр хъумэнымкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ 1992 гъэм Европэм и Советым къищта «Европейская Хартия региональных языков или языков меньшинств» дэфтэрым. Абы Іэ щІэзыдза къэралхэм ягъэзэщІэну я пщэм далъхьэжахэм ящыщщ мыпхуэдэ къалэнхэр: зи цІыху бжыгъэр мащІэ лъэпкъхэр зэрыс щІыналъэхэм къэрал къулыкъу Іуэхухэр зехьэныр абыхэм я бзэхэмкІэ къыщызэгъэпэщыныр; ахэр хуит щІын къэрал ІуэхущІапІэхэм лъэІухэр, тхьэусыхафэхэр я бзэхэмкІэ ягъэхьыныр, къэрал органхэм я пщэм дэлъхьэн жэуапхэр а бзэхэмкІэ къратыжыныр; ар щащІэм и деж, а Іуэхум хэтхэм нэхъ къащтэмэ, ар щІыналъэм исхэм я бзэмкІэ егъэкІуэкІыныр, нэгъуэщІхэри.

Хартием и хабзэхэр Евросоветым хэт дэтхэнэ къэралми егъэзащІэ. УФ-ми, Европэ Советым щыхыхьэм, а дэфтэрым Іэ щІидзащ икІи и пщэ дилъхьэжащ «щІыналъэ бзэхэм» ятеухуа а хабзэхэр игъэзэщІэну.

УФ-м исщ лъэпкъыбзэмкІэ къыхэгъэщхьэхукІауэ, урысыбзэм нэмыщІ нэгъуэщІыбзэкІи псалъэу лъэпкъ бгъущІым нэблагъэ. Абыхэм ящыщу щэщІым нэсым лъэпкъ-щІыналъэ субъект яІэщ (республикэхэр, автономнэ округхэр, автономнэ областхэр). Шэч хэмылъу, а субъектхэм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэр «Хартием» зи гугъу ищІ «щІыналъэ бзэуэ» къэплъытэ хъунущ. АтІэ, сыт хуэдэу пІэрэ Урысей Федерацэм а дунейпсо хабзэр зэрыщагъэзащІэр?

Мыбдежым псом япэу жыІэн хуейщ: бзэхэм ятеухуауэ Урысей Конституцэм егъэув хабзэ гъэщІэгъуэнхэр. Ахэр зэрыщытыр мыращ. Япэрауэ, УФ-м къэралыбзэу щагъэувауэ зыщытетыр урысыбзэрщ, ауэ субъектхэр хуитщ урысыбзэм и гъусэу я лъэпкъыбзэхэр къэралыбзэу ягъэувыну. Республикэ куэдым хуэдэу, КъБР-ми апхуэдэ закон къыщащтащ. ЕтІуанэрауэ, республикэхэм я къэрал ІуэхущІапІэхэм, куей, къуажэ органхэм, урысыбзэм и гъусэу, лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр къыщагъэсэбэпу щытын хуейщ. Апхуэдэу Урысей Федерацэр шэсыпІэ йоувэ къэралым ис дэтхэнэ лъэпкъми и бзэр хъума хъун, яджын, зиужьын папщІэ, Іэмал псори къызэригъэпэщыну.

Урысей Федерацэм къыщащтащ икІи щылажьэу къалъытэ «УФ-м щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм ятеухуауэ» хабзэр. Шэч хэмылъу, апхуэдэ законым и къалэн нэхъыщхьэу увын хуеяр УФ-м и Конституцэм «щІыналъэ бзэхэм» ятеухуауэ итхэр гъащІэм хэпщэнырт, ахэр лажьэу къызэригъэпэщынырт. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, законым и купщІэм апхуэдэ муради икІи хэлъкъым, икІи игъэувыркъым. Уеблэмэ, «щІыналъэ бзэхэм» егъэщІылІауэ щыт еплъыкІэ зэхэзэрыхьа куэд къызэщІеубыдэ абы. Псалъэм папщІэ, УФ-м и лъэпкъ псоми я бзэхэм зэхуэдэ хуитыныгъэ яІэу жеІэри, ардыдэм деж языныкъуэ бзэхэр къупхъэ гуэрхэм иресгъэувэ, нэгъуэщІ бзэм тепщэныгъэ хуегъэфащэри.

Законым и 9-нэ статьям итщ УФ-м и цІыхухэм я анэдэлъхубзэмкІэ щІэныгъэ зрагъэгъуэтыну Іэмал яІэу, арщхьэкІэ, уеІэбыхмэ, а статья дыдэм къегъэув егъэджэныгъэр зэрекІуэкІыну бзэр а ІуэхущІапІэр зи нэІэ щІэту лъажьэм игъэувыпхъэу. ЗэрытІэлъагъуэщи, адыгэхэми балъкъэрми ди анэдэлъхубзэмкІэ щІэныгъэ зэдгъэгъуэтыну хуит дызыщІ статьяр зыщІыпІи нэсакъым, хьэуам хэкІуэдэжащ. Апхуэдэ щапхъэр куэдщ. Хабзэр щыІэми, ар гъэзэщІа зэрыхъун Программэр зыми илъэгъуакъым.

И гугъу тщІынти адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ ди республикэм щаІэ щытыкІэм. Адыгэбзэм теухуа гурыгъузхэр лъэпкъ, жылагъуэ зэгухьэныгъэ зыбжанэм, щІэныгъэлІхэм, адыгэ тхакІуэхэм, этнографхэм, егъэджакІуэхэм, щэнхабзэ лэжьакІуэхэм, нэгъуэщІхэми я псалъэмакъхэм щІэх-щІэхыурэ къыхощ. Абы теухуа мониторинг зыми иримыгъэкІуэкІами, нэрылъагъущ Къэбэрдей-Балъкъэрым къихъуэ щІэблэм анэдэлъхубзэкІэ псалъэу яхэтыр нэхъ мащІэ зэрыхъур. А Іуэхур щынэхъ щІагъуэкъым Къэрэшей-Шэрджэсми Адыгейми, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Осетие Ищхъэрэм щыпсэу адыгэхэм я гугъу дымыщІыххэми. Дэ жыдоІэ хамэ къэралхэм адыгэ мелуан бжыгъэ зэрыщыпсэур, ауэ мащІэ дыдэрэщ дызэрытепсэлъыхьыр абыхэм ящыщ щІалэгъуалэм, илъэс 20 - 30 зи ныбжьхэм, я нэхъыбэм адыгэбзэ зэрамыщІэм.

Сыт хуэдэ Іуэху щекІуэкІрэ-тІэ ди республикэм анэдэлъхубзэр хъумэным ехьэлІауэ? Псом япэу къэгъэлъэгъуэн хуейщ КъБР-м и Конституцэм ипкъ иткІэ, урысыбзэм и гъусэу Къэбэрдей-Балъкъэрым адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ къэралыбзэу щыгъэуваyэ зэрыщытыр. ЕтІуанэрауэ, анэдэлъхубзэр къэгъэсэбэпыным и хуитыныгъэр УФ-м и Конституцэми КъБР-м и Конституцэми зыкІи щызэщхьэщыкІыркъым, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, а хабзэ телъыджэр ди республикэм щылажьэркъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым иІэщ «КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм ятеухуауэ» хабзэр. Абы зэритымкІэ, анэдэлъхубзэр къэрал къулыкъущІапІэхэм къыщагъэсэбэпын хуейщ, ауэ ухуэзэну пІэрэ ди республикэм и Правительствэм, Парламентым, министерствэ гуэрым, куей муниципалитетым я зэІущІэхэр адыгэбзэкІэ е балъкъэрыбзэкІэ щрагъэкІуэкІыу? Хьэуэ, ухуэзэркъым. АтІэ сыт хабзэгъэувым апхуэдэ хуитыныгъэхэр УФ-м и Конституцэми, КъБР-м и Конституцэми, Европэм и Хартиеми щІритхар? Абы хьэкъыу пхыкІауэ ищІэрт: бзэр мылажьэмэ, абы и кІуэдыжыгъуэр къэсауэ аращ. А Іуэхум тегузэвыхьу аращ хабзэгъэувым ахэр къэралпсо, дунейпсо мыхьэнэ зиІэ дэфтэрхэм щІритхар.

Арэзы укъищІынкІэ Іэмал иІэкъым анэдэлъхубзэр школхэм зэрыщаджым. Абы щыхьэт тохъуэ щІалэгъуалэм я «псалъалъэр» къулейсыз зэрыхъур. Апхуэдэу, анэдэлъхубзэкІэ быныр егъэджэныр, абы лъэпкъ гъэсэныгъэ етыныр зи къалэну щыт адэ-анэхэм ящыщ куэди а Іуэхум елІалІэркъым. А Іуэхугъуэхэр бзэм зиужьыным лъакъуэпэщІэдз хуэзыщІхэм ящыщщ.

Іуэхур ефІэкІуэн папщІэ, сэ сызэреплъымкІэ, япэрауэ, республикэм и къулыкъу нэхъыщхьэ дыдэм къыбгъэдэкІыу, политикэ къару иІэу къэлъытэн хуейщ ди анэдэлъхубзэхэр щытыкІэ гугъум зэритыр, ахэр кІуэдыжынымкІэ шынагъуэр гъунэгъу дыдэ зэрыхъуар. Абы ипкъ иткІэ, бзэхэр хъумэным, абыхэм зегъэужьыным теухуауэ республикэм икІэщІыпІэкІэ щызэфІэкІэгъыпхъэ Іуэхухэр убзыхун хуейщ. ЕтІуанэрауэ, «КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм ятеухуауэ» республикэ хабзэм елэжьыжауэ щІэрыщІэу къэщтэн хуейщ. Ар къыщхьэщыкІын хуейкъым бзэхэм ятеухуауэ УФ-мрэ КъБР-мрэ я Конституцэхэм къыщыгъэлъэгъуахэм. Законыр щызэхалъхьэкІэ къэгъэсэбэпын хуейщ УФ-м хыхьэ адрей республикэхэм мы Іуэхум теухуауэ щыІэ щапхъэфІхэр. Ещанэрауэ, икІэщІыпІэкІэ зэхалъхьэн хуейщ анэдэлъхубзэхэр мыкІуэдыжыным, зауэжыным хуэгъэпса Программэ щхьэхуэ. ЕплІанэрауэ, бзэр хъумэным епха Іуэхугъуэхэр республикэм и жылагъуэ гуп зэгухьэныгъэхэм, политикхэм, къулыкъущІэхэм, щІэныгъэлІхэм я къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу щытыпхъэщ. Апхуэдэу анэдэлъхубзэм ехьэлІа Іуэхухэр щІэх-щІэхыурэ къыщІэтын хуейщ лъэпкъ газетхэм, журналхэм, радиом, телевиденэм.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди анэдэлъхубзэхэр нобэ щытыкІэ гугъу зэритыр къэлъытэн хуейщ. А щытыкІэм икІэщІыпІэкІэ фІы и лъэныкъуэкІэ зимыхъуэжмэ, ди адыгэбзэр кІуэдыжынкІэ шынагъуэщ. Ар къэмыхъун щхьэкІэ дэтхэнэ зы адыгэми тхузэфІэкІкІэ защІэдгъэкъуэн хуейщ бзэм зегъэужьыным хуэлажьэхэм.

ХЬЭЩІЭЛІ МуІэзин,
«Къэбэрдей конгресс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ.

● Медицинэ

ЗэхъуэкІыныгъэфІхэр щыІэщ

Тэрч районым цІыхухэм я узыншагъэр хъумэным хуэлажьэ и ІэнатІэхэм я Іуэхухэр йофІакІуэ.

МЕДИЦИНЭ ІуэхущІапІэхэр зэгъэпэщыжыным хуэунэтІа урысейпсо программэм япкъ иткІэ, мы щІыналъэм сом мелуан 35,5-рэ и уасэ лэжьыгъэ къыщрахьэлІащ. Ахъшэр нэхъыбэу трагъэкІуэдащ ІуэхущІапІэхэм я унэхэр зэгъэпэщыжынымрэ сымаджэщхэм, поликлиникэхэм иджырей ІэмэпсымэхэрJ къахуэщэхунымрэ. Лэжьыгъэхэм адэкІи къыпащэ.

Къапщтэмэ, иджыпсту зэрагъэпэщыж щІыналъэ сымаджэщым уз зэрыцІалэхэмкІэ и къудамэу сабийхэр щагъэхъужыр. Абы сом мелуани 4,1-рэ и уасэ лэжьыгъэ къыщрахьэлІащ.

«Земский доктор» урысей программэм тету, къуажэ амбулаторэхэм дохутыри 9-м ІэнатІэ щратащ.

Медицинэ Іуэхутхьэбзэм ехьэлІауэ мы зэманым зи лэжьыгъэр егъэфІэкІуапхъэхэм ящыщу къалъытэ «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэ» ІэнатІэр. Апхуэдэу сымаджэхэм зэреІэзэ щІыкІэми хэлъ ныкъусаныгъэхэр икІэщІыпІэкІэ гъэзэкІуэжын хуейуэ къалъытэ щІыналъэ унафэщІхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ПщІэрэ щІыхьрэ зыхуэфащэхэр

● Дэ къытхуатх

Зэманыр къыпхуэгъэувыІэнукъым. Абы къызэринэкІ лъэужьым къыхолыдыкІ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм псэуа цІыхухэм я гъащІэ купщІафІэр, зэфІахауэ щыта Іуэхугъуэ дахэхэр. Апхуэдэ цІыху щэджащэхэм ящыщщ Бахъсэн куейм хыхьэ Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуа егъэджакІуэ икІи зауэлІ Шафий Абдурэхьим Мысхьуд и къуэр (1896 - 1942). ЩІэблэр егъэджэным Шафийм езым и гъащІэр тыхь хуищІа къудей мыхъуу, абы и бынхэри хуиущиящ, ІэщІагъэ къыхахыныкІэ абыхэм щапхъэ яхуэхъури. Дауи, апхуэдэ цІыхухэм пщІэрэ щІыхьрэ яхуэфащэщ.

ЗИ АДЭ Мысхьуд пасэу зыфІэкІуэда Абдурэхьим илъэс 12-м иту арат, зэрыпсэуфын, гъащІэм зэрыдекІуэкІыфын ІэщІагъэрэ щІэныгъэрэ езырезыру зригъэгъуэтыну мурад щищІам щыгъуэ. Жылэм пщІэшхуэ щызиІа Мысхьуд ефэндым 1909 гъэм хуагъэувауэ щыта сыным тетт ар зи псалъэр жан, зи акъылыр шэщІа цІыхушхуэу Зеикъуэ зэрыдэсар. Я адэр я щапхъэу, сыт хуэдэ лэжьыгъэми зэпыІуамыдзу псэурт Абдурэхьими абы и къуэшхэри: Іэщ, шы ягъэхъурт, нартыху, кІэртІоф хасэрт. Совет властыр ди щІыпІэм щагъэува нэужь, Шэджэм аузым кІуэцІрыкІ гъуэгу зыхуэ гупым я пашэу лэжьащ. ИужькІэ, колхозым хыхьа нэужь, махуэм щІым телэжьыхьырт, пщыхьэщхьэм школым щылажьэрт, и къуажэгъухэр щІэныгъэншагъэм къыхишу. 1930 гъэм Абдурэхьим къиухащ егъэджакІуэхэр щагъэхьэзыр техникумыр икІи Зеикъуэ дэт езанэ школым уващ адыгэбзэр 1 - 7-нэ классхэм яригъэджыну.

Лэжьыгъэм щІэхыу Іэижь хуэхъуат Абдурэхьим. Дерсхэм къадэкІуэу абы иригъэкІуэкІырт классщІыб лэжьыгъэшхуи: адыгэ хабзэм, щэнхабзэм, нэмысым щІэблэр къыщІигъэтаджэрт, гуащІэдэкІ лэжьыгъэм щІипІыкІырт, унагъуэ псэущхьэхэм зэракІэлъыплъыпхъэр яригъащІэрт, апхуэдэуи шы тесыкІэмрэ псы есыкІэмрэ яхэлъ щэхухэм щыгъуазэ ищІырт. КІэщІу жыпІэмэ, ныбжьыщІэхэр балигъ гъащІэм лъэныкъуэ куэдкІэ хуигъэхьэзырырт. Апхуэдэу псэ хьэлэлу зи ІэнатІэм пэрыт ІэщІагъэлІым пщІэшхуэ къыхуащІырт къыдэлажьэхэми, иригъаджэхэми, абыхэм я адэ-анэхэми. ИщІэну и мурадахэм гъунэ ирилъа къудейт Абдурэхьим Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям. Ар яхэтащ япэу бийм пэщІэувахэм. 1942 гъэм Абдурэхьим зауэм хэкІуэдащ.

АПХУЭДЭУ хъури, тІэунейрэ унагъуэ иухуауэ щытащ Шафийм. Абы и япэ щхьэгъусэр пасэу дунейм ехыжат, щІалитІ къыщІэнэри. Ахэри лІыгъэ зэрахьэу хэтащ Хэку зауэшхуэм икІи ТекІуэныгъэр къахьауэ, офицеру къагъэзэжащ. ЕтІуанэ щхьэгъусэм Абдурэхьим дигъуэтащ хъыджэбзищрэ щІалитІрэ. Ахэр псори, инженер-электромеханик ІэщІагъэр зэзыгъэгъуэта зы щІалэм фІэкІа къэмынэу, я адэм и щапхъэм ирикІуащ, егъэджакІуэныр ІэщІагъэу къыхахри. Шафийхэ япхъу Лидэ жиІэжу зэрыщытамкІэ, Абдурэхьим зауэм щыкІуэм и щхьэгъусэм къелъэІуат: «Къэхъунур зыми ищІэркъым. ЗыгуэркІэ къэзмыгъэзэж хъумэ, ди бынхэм щІэныгъэрэ ІэщІагъэрэ ебгъэгъуэтыну сыкъэгъэгугъэ, сыт хуэдэу гугъу уадемыхьми». Зэдэлъхузэшыпхъухэм я нэхъыщІэ дыдэ Любэ КъБКъУ-р ехъулІэныгъэкІэ къызэриухамкІэ дипломыр къыщратыжам щыгъуэ, анэм жиІащ: «Фи адэм и лъэІур згъэзэщІащи, иджы сылІэми содэ».

Шафий Абдурэхьим и бынхэм ящыщу дэтхэнэри, я адэм хуэдэу, пэжу, жэуаплыныгъэр зыхащІэу зыпэрыт лэжьыгъэр ирахьэкІащ. Абыхэм ящыщу егъэджакІуэ ІэщІагъэр къызэзыхахэр а ІэнатІэм пэрытащ псори зэхэту илъэси 150-кІэ, сабийхэм щІэныгъэ етыным, гъэсэныгъэ дахэ яхэлъхьэным хущІэкъуу.

Зеикъуэ къуажэр ирогушхуэ абы щІэныгъэхэм я докторхэр, кандидатхэр къызэрыдэкІам. Ахэр зы тІощІырыпщІым нос. ЖыпІэнурамэ, абыхэм ящыщ куэдым ялъытэ я егъэджакІуэу, гъэсакІуэу, унэтІакІуэу гъащІэм щаІар Шафий Хьэчим Абдурэхьим и къуэр (1920 -1989) арауэ.

- Хэку зауэшхуэр мыхъуамэ, ди егъэджакІуэ Хьэчим щІэныгъэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ къыхэкІынут, - жеІэ Шафийр гъуэгугъэлъагъуэ зыхуэхъуа ди къуажэгъу профессор цІэрыІуэ, математикэ щІэныгъэхэм я доктор Нэхущ Іэдэм Мэрем и къуэм. - ЗэфІэкІыщхуэ зыбгъэдэлъа а цІыхум и мурадхэр къызэпиудауэ щытащ мафІае лъэхъэнэм. ИтІани, фронтым къикІыжа нэужь, абы есэпыр Іэзэу щригъэджащ къуажэм дэт курыт школым.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ ІэнатІэм илъэс 50-кІэ пэрытащ Хьэчим. 1939 гъэм ар щІэтІысхьауэ щытащ Налшык дэта пединститутым, арщхьэкІэ ар къиухыну хунэмысу зауэм дэкІащ икІи тІасхъэщІэхыу абы щыІащ, лІыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу. Зауэ нэужьым, егъэджакІуэу зэрылажьэм хуэдэурэ, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыжащ. Илъэс куэдкІэ Хьэчим лэжьащ школым и унафэщІу, зыпэрыт ІэнатІэр иригъэфІакІуэу. РСФСР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ Шафий Хьэчим и лъэужьым ирикІуа гъэсэн куэди иІащ. Апхуэдэхэщ Нэхущ Іэдэм, БжьыхьэлІ Хьид, Къармокъуэ Ахьмэд, нэгъуэщІхэри.

И адэмрэ и къуэш нэхъыжьымрэ я щапхъэм тету, егъэджакІуэ ІэщІагъэм хуеджащ Шафий Хъусен Абдурэхьим и къуэр (1930 -1989). Ар Шэджэм ЕтІуанэ къуажэм щыпсэуащ, абы дэт курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щригъэджащ. Зыдэс жылэми зыпэрыт ІэнатІэми пщІэшхуэ къыхуащІу дунейм тетащ Хъусен.

ЕгъэджакІуэ Іэзэу, тхыдэдж емызэшу, журналист ІэкІуэлъакІуэу щытащ Шафий Нажмудин Абдурэхьим и къуэр (1932 - 1991). Зеикъуэ дэта илъэсибл школыр ехъулІэныгъэкІэ къиуха нэужь, зэчий зыбгъэдэлъу къалъыта щІалэщІэр 1947 гъэм щІагъэтІысхьащ Налшык дэта школ-интернатым. Абы илъэсищкІэ щеджэри, и щІэныгъэм хигъэхъуэн мурадкІэ Москва кІуащ икІи щыхьэрым дэт къэрал университетым и тхыдэ факультетым щІэтІысхьэфащ. Ещанэ курс нэужьым дзэм ираджащ, Хэкум къулыкъу хуищІэну. А къалэныр щІыхь пылъу ирихьэкІащ Нажмудин икІи лэжьэну, еджэнми пищэну и мураду щалъхуа щІыналъэм къигъэзэжащ. ВЛКСМ-м и обкомым дзэ-физкультурэ ІуэхухэмкІэ и къудамэм щылэжьащ, зэреджэм хуэдэурэ. А лъэхъэнэм абы лэжьыгъэшхуэ зэфІихащ республикэм и щІалэгъуалэр спортым дегъэхьэхынымкІэ.

МКъУ-р ехъулІэныгъэкІэ къэзыуха Нажмудин КъБКъУ-м и тхыдэмкІэ и къудамэм щылэжьэну ирагъэблэгъащ. ЩІэныгъэм хуэнэхъуеиншэ Шафийр куэд дэмыкІыу Тбилиси щыщІэтІысхьащ ЩІэныгъэхэмкІэ академием и аспирантурэм. ЩІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ ІэщІагъэлІыр япэ щІыкІэ ящІащ КъБКъУ-м тхыдэмкІэ и кафедрэм и егъэджакІуэ нэхъыжь, иужькІэ, 1970 гъэм, а ІэнатІэм и унафэщІу ягъэуващ икІи илъэс 20-м щІигъукІэ абы ныкъусаныгъэншэу пэрытащ. А зэманым къриубыдэу Шафийм зэфІихащ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ куэд, и студентхэр и гъусэу археологие къэтІэщІыныгъэ хьэлэмэтхэр иригъэкІуэкІащ. Ахэр и лъабжьэу абы игъэхьэзыращ икІи ехъулІэныгъэкІэ пхигъэкІащ «Курыт лІэщІыгъуэхэм псэуа адыгэхэм яІа щэнхабзэр» кандидат диссертацэр, къыдигъэкІащ «XIV - XVI лІэщІыгъуэхэм псэуа адыгэхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ» (1968 гъэ) монографиер, нэгъуэщІ щІэныгъэ лэжьыгъэхэри и къалэмыпэм къыпыкІащ. Ахэр къытехуащ къэралым, республикэм къыщыдэкІ щІэныгъэ журналхэм, газетхэм. Абыхэм нэхъ къулей ящІащ адыгэхэм ятеухуауэ щыІэ щІэныгъэхэр. А псоми къадэкІуэу Нажмудин КъБКъУ-м щыяпэу къызэІуихауэ щытащ Археологием и музей.

ЗэхэщІыкІ куурэ щІэныгъэ лъагэрэ зыбгъэдэлъ Шафий Нажмудин и лекцэхэр хуабжьу купщІафІэт. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри ещхьт лІэщІыгъуэ блэкІахэм ухэзышэ дунеяплъэ телъыджэм.

Шафий Абдурэхьим и бынхэм ящыщу егъэджэныгъэ ІэнатІэм ехъулІэныгъэ лъагэхэр щызыІэригъэхьащ абы ипхъу Лиди (1938 - 2005). Налшык дэт курыт школ №23-м пэщІэдзэ классхэр щезыгъэджа Лидэ Іэзагъышхуэ, зэфІэкІ лъагэ зыбгъэдэлъ лэжьакІуэшхуэт.

- Сэ Алыхьым фІыщІэ ин хузощІ, егъэджакІуэ ІэщІагъэр гъащІэ гъусэ зэрысхуищІамкІэ, - жиІэрт абы. - Си псэ хуабагъэр, щІэныгъэр сабийхэм щестыф, ар бэгъуэжауэ щадэслъагъу ІэщІагъэ махуэщ ар си дежкІэ.

ЕгъэджакІуэ ІэщІагъэм къыхуалъхуахэм ящыщт а бзылъхугъэ щыпкъэр. А гъуэгум ирикІуэнымкІи щапхъэшхуэ къыхуэхъуауэ жиІэжырт и адэ Абдурэхьим. Лидэ игу къызэригъэкІыжымкІэ, адэр псэ къабзэу, гу хьэлэлу пэрытащ и ІэнатІэм, и гурылъ псоми хунэсакъым ар, ауэ зэрылэжьа, зэрыпсэуа илъэс бжыгъэ мащІэм хулъэкІащ куэдым гъуэгугъэлъагъуэ яхуэхъун, нэхъыщхьэращи, и бынхэм щІэныгъэм и фІыгъуэр захригъэщІэн, абы хуэпабгъэу къигъэтэджын.

И адэм и гъуэгум пищэн мурадкІэ, егъэджакІуэ ІэщІагъэм хуэкІуа Лидэ ІэнатІэм къыхыхьэ мардэщІэ псоми зыщигъэгъуазэрэ ахэр лэжьыгъэм хипщэущ ІэнатІэр зэрырихьэкІар. Дерсхэр щиткІэ, абы гу лъитэрт сабий псоми зэхуэдэу ар гурыІуэгъуэ зэращымыхъум. Абы къыхэкІыу къытригъэзэжурэ яжриІэрт, ар псоми ялъэІэсын папщІэ. АтІэми нэхъыфІу еджэхэм зэшыр къатеуэрт - абыхэм я зэманыр пщІэншэу кІуэдырт, егъэджакІуэр нэхъ «лъэрымыхьхэм» ядэлэжьэхукІэ. Апхуэдэу щыхъум, Шафийм Іуэху бгъэдыхьэкІэщІэ къыхилъхьащ: сабийхэр школым зэрыхуэхьэзырым елъытауэ классхэр къызэгъэпэщын. Егъэджэныгъэм къыхыхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм Іэмал къататащ а Іуэху зехьэкІэщІэр гъащІэм хапщэну. Мы зэманым курыт школ №23-р апхуэдэ мардэм тетущ сабийхэм зэрадэлажьэр. Ар даІыгъащ егъэджэныгъэмкІэ къалэ департаментым и унафэщІхэми министерствэм и ІэщІагъэлІхэми.

Дуней еплъыкІэ къулей, зэхэщІыкІ куу зиІэ щІэблэ къэгъэхъун мурадкІэ, Шафий Лидэ лэжьыгъэм шэщІауэ къыщигъэсэбэпырт класс щІыб дерсхэри, гульытэшхуэ хуищІырт адэ-анэхэм я зэІущІэми. Абы къызэрилъытэмкІэ, адэ-анэмрэ егъэджакІуэмрэ зэгъусэу, зэгурыІуэу ягъасэ сабийрщ щІэныгъэ нэс зэзыгъэгъуэтыфынур, гъащІэм хуэхьэзыру лъэ быдэкІэ абы хыхьэфынур.

Методист Іэзэ, егъэджакІуэ щыпкъэ Шафий Лидэ и псэ хьэлэл лэжьыгъэм гу лъамытэу къэнакъым. Абы мызэмытІэу кърататщ СССР-м, УФ-м, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ я министерствэхэм я щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр, «УФ-м цІыхубэ егъэджэныгъэмкІэ и отличник» цІэ лъапІэри къыфІащащ.

И бынхэр зи лъэужьым ирикІуа адэм сыт хуэдэу и гур хэхъуэнт, абыхэм зыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэхэр, пэжу, жэуаплыныгъэр зыхащІэу егъэджакІуэ ІэнатІэр зэрызэрахьэр илъэгъуатэмэ... ЕгъэджакІуэ унагъуэм я нэхъыжь Шафий Абдурэхьимрэ адэр зи щапхъэу абы къиихъуа бынхэмрэ гъуэгугъэлъагъуэ зыхуэхъуар зы щІэблэкъым. Абыхэм сакъыу яхъумэ я унэтІакІуэхэм я фэеплъыр.

Шафий Абдурэхьим.
1930 гъэ

И лэжьэгъухэмрэ еджакІуэхэмрэ я гъусэу. *Зеикъуэ къуажэ, 1933 гъэ*

ДЖЭДГЪЭФ Аслъэмырзэ.

● Гъэсэныгъэ

Илъэс 25-рэ гъуэгуанэ

Жэмтхьэлэ Ипщэм дэт сабий гъэсапІэр Шэрэдж куейм щынэхъыфІу къалъытэ.

ЗИ ІЭЩІАГЪЭМ фІыуэ хэзыщІыкІ гъэсакІуэхэр сыт щыгъуи хущІокъу къыдэкІуэтей щІэблэм гъэсэныгъэ тэмэм зэрыбгъэдалъхьэнымрэ я гупсысэм зэрызрагъэужьынымрэ. Абы папщІэ мыбыхэм зэманым екІу иджырей Іэмалхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ къагъэсэбэп.

Мы сабий садыр къызэрызэІуахрэ илъэс 25-рэ зэрырикъур иджыблагъэ ягъэлъэпІащ. ГуфІэгъуэ зэІущІэм кърихьэлІащ район, къуажэ администрацэхэм я лІыкІуэхэр, адэ-анэхэр.

УнафэщІхэм ІуэхущІапІэм и лэжьыгъэмрэ иІэ зэфІэкІхэмрэ зрагъэлъэгъуащ, зыхуэныкъуэхэмкІи къадэІэпыкъуну къагъэгугъащ. ИужькІэ хьэщІэхэр ирагъэплъащ гъэсапІэм къекІуалІэ цІыкІухэм я концерт. Ахэр усэхэм къеджащ, къэфащ. Псом хуэмыдэу гухэхъуэр абыхэм ягъэлъэгъуа сабий спектаклъ едзыгъуэхэрт.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● Пшыхьэр

Шэрыlужь Анатолэ ягу къагъэкlыж

Сурэтыр ЕЛЬКЪАН Артур тхыдж.

КъБР-м и цlыхубэ артист, республикэм гъэзэджэхэмкlэ щыlэхь зиlэ и лэжьакlуэ, «Щlыхьым и дамыгъэ» орденымрэ «И лэжьыгъэфlым пагущ» медальмрэ зыхуагъэфэща Шэрыlужь Анатолэ и фэеплъ пшыхь щекlуэкlаш КъБР-м и Театр лэжьакlуэхэм я зэгухьэныгъэм. Ар къызэрагъэпэщащ артист икlи режиссёр щэрыlуэр къызэралъхуэр илъэс 80 шрикъум ирихьлlэжу.

З Э Х Ы Х Ь Э М зыкъраГъэхьэлlащ Анатолэ къыдэлэжьахьэм, и lыхьлэхэмрэ благъэхэмрэ, къызэщlыхуэу щыта и къуажэгъуэм.

Театрым и лэжьакlуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщl Фырэ Майе пшыхьыр къыщызэгуэныхьым жиlащ артист, режиссёр Іэзэр пасэу дунейм ехьыжами, гъащlэм лъэужьыдахэ къызэрыщlинар, щыхуэхэм фыкlэ я гугу къызэринар. Ар кlэщlу къытеувыlащ Шэрыlужьым и гъащlэмрэ и гуащlэмрэ:

- Аруан районым хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ Анатолэ. 1953 гъэм Москва ГИТИС-м и актер факультетым щlэтlысхьащ, адыгэ студием хэту. 1958 гъэм еджапlэр кьиуухыу Налшык къигъэзэжа нэужь, Щоджэнщlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэралдрамтеатрым лэжьэн щыщlидзащ. А lэнатlэм пэрытащ 1961 гъэ пщlондэ, ГИТИС-м и режиссёр факультетым щlэтlысхьэжыхуэ. Еджапlэр ехъулlэныгъэкlэ къыщухахым, Барнаул лэжьакlуэ ягъэкlуащ. КъБАССР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и унафэкlэ Анатолэ Налшык къашэжат. Ар лэжьащ Музыкэ театрым и режиссёру, режиссёр нэхъыщхьэу, художественнэ унафэщlу. Шэрыlужьыр зи Іэщlагъэм хуэзэжьэ режиссёрт. Абы фlыуэ кьэхъулlэрт ди тхакlуэхэм я пьесэхэм кьытращыкlэ спектакlхэр дунейпсо классикэрп. Анатолэ иГъэ зэуа операхэмрэ оперетт эхэмрэ цlыхухэм ягу кьиныжащ. Апхуэдэхэщ, Верди Джузеппе и «Травиата», «Риголетто», Леонкавало Руджеро и «Паяцы», Бизе Жорж и «Кармен», къардэн Хьэсэнрэ Балэ Мухьэдинрэ я «Мадинэ» оперэхэр, Листов Константин и «Севастопольский вальс», Модуньо Доменико и «Черный дракон», Эшпай Андрей и «Звезда экрана», Легар Франц и «Цыганская любовь», Портнов Георгий и «Улыбнись, Света», Балэ Мухьэдин и «Шамхьун и фызышэ», Кальман Имре и «Сильва», Фельцман Оскар и «Пусть играет гитара», Штраус Иоганн и «Цыганский барон», Александров Борис и «Свадьба в Малиновке», Молэ Владимир и «Къагъэпцlа псэлъыхъуэр», Легар Франц и «Веселая вдова», Жырыкъ Заур и «Гум и цэхуэр», Портнов Георгий и «Третья весна» оперетт эхэр, - жиlащ Майе.

Анатолэ иужьрей илъэсхэм режиссёр нэхъыщхьэу цыlэлъэ Гуащ э тетрым и унафэщl Шумахуэ Владимир япэу къагъэпсэльащ.

- Ерчэн Леонид, Къардэн Хьэсэн, Балэ Мухьэдин, Анатолэрэ сэрэ къарууцхуэ етыхьэлlащ Музыкэ театрыр къызэlухыным. Ар узыщlагъэ фlыкlын Іуэхут. Шэрыlужьым иГъэуа спектакль заибжаэ щагъэлъэгъуащ Ереван къалэм, Къэрэшей-Шэрджэс, Дагъыстэн, Адыгей республикэхэм. Мы зыкъ театрым и архивым щахъумэ абы и лэжьыгъэ заибжаэ. Анатолэ хэлъхьэныгъэфl хуищlащ щыналъэм и щэнхабзэм зегъэужьыным, щlэблэр псэкlэ къулейуэ къэгъэтэджыным. Аращ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм Шэрыlужь Анатолэ и цlэр дыщэ къэрфхэмкlэ тхауэ къыщlыхьэнар, - жиlащ Шумахуэм. - Анатолэ щыпсэуа унэм и блыным епlлъ пхъэбгъу фlадзэну и чэзущ, ар къыззэралъхуэ илъэс 80, дунейм зэрехьэкlэ илъэс 17 щрикъум ирихьлlэу.

Балетмейстер Гъубжокъуэ Болэт, УФ-м щыхъ зиlэ и артисткэ Таукеновэ Галинэ, КъБР-м гъуазджэхэмкlэ щыхъ зиlэ и лэжьакlуэ Бицу Юрэ, КъБР-м щыхъ зиlэ и артист Къардэн Борис, КъБР-м щыхъ зиlэ и артистхэ Бэгъуатыж Светланэ зи псалъэм къыхагъэщащ зи Іуэхущlафэхэр щапхъэу, цыху Іущу, гъэсауэ, щабэу дунейм тета и лэжьагъуэ къазэрыхэмытыжыр ягу къыlэрегъэу, абы зэрыщыщlэр къуэтэху нэхърп зэрызыхащlэр, артист, режиссёр Іэзэу зэрыщытам и щыхьэт и спектакlхэр ялъагъуху и фэеплъыр зэрымыкlуэдыжынур.

Режиссёр гъэзэздэжэн хуэжаIа псалъэ гуагъэхэм пащlащ КъБР-м щыхъ зиlэ и артистхэу Мэршэнкъул Іэзэн, Шэджыхьэщlэ Аслъэнбий, Шэбэтыкъуэ Натбий (Музыкэ театрым и дирижёр нэхъыщхьэ), Жангуразов Мэжид (Балъкъэр къэрал драмэ театрым и унафэщl), ЖьакIэмыхъу Кlунэ (УФ-ми КъБР-ми щыхъ зиlэ я артисткэ), Музыкэ театрым и солисткэ Дау Марианнэ (КъБР-м и Профсоюзхэм цэнкабзэмкlэ я рескомым и унафэщl, УФ-м щыхъ зиlэ и артисткэ), Къэжэр Борис (КъБР-м и цlыхубэ артист), Бесчокъуэ Майе (КъБР-м и цlыхубэ артисткэ), Куэт Къанщбий (КъБР-м и цlыхубэ артист), Сафаровэ Тамарэ (КъБР-м щыхъ зиlэ и артисткэ, КъБР-м гъуазджэхэмкlэ щыхъ зиlэ и лэжьакlуэ), Кlуныжъ Алим (КъБР-м и цlыхубэ артист), Музыкэ театрым и унафэщl Бэрэшъу Руслан, Архэст Хьэсэнбий сымэ. Абыхъм я псальэм къыхэщащ Анатолэ и лэжьэгъуэхэм сыт щыгъуи ядэlэпыкъуу, я зэфlэкlхэм зригъэужьу зэрыщытам папщlэ lофlу яГу къыззэринэжар, абы хуэдэхэр зэрызыхэсыжар.

Аруан районым щыпlэ самоуправленэмкlэ и Советым и унафэщl Кlущ Валерэ р Псыгуэнсу къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къанкъул Хьэчимэрэ жиlащ артист, режиссёр гъэзэджэ къызыхэкlа я къуажэгъуэм иIа зэфlэкlым зэрыригушхэр, абы и Іуэхущlафэхэр щэблэм я деж зэрыщагъэгъуащ лъэпкъ тхыдэр, щэнхабзэр фlыуэ зэращlэр.

КъБР-м щыхъ зиlэ и артист Мэкъуауэ Хьэсэн къихьхьащ Псыгуэнсу къуажэм и уэрамхэм ящыщ зым Шэрыlужь Анатолэ и цlэр фlащыну. Зэхуэсахэри абы арэзы техуащ.

Анатолэ и къуэшым и куэд Альбертрэ и шыпхъу Фенэрэ зэхуэхьэр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы къарихьэлlакlэхэмрэ фlыщlэ хуащlащ.

УФ-м щыхъ зиlэ и артист, Мэкъуауэ театрым и солист Хъупсырджэн Албэчрэ КъБР-м щыхъ зиlэ и артисткэ Аззэмэт Натальерэ яГъэзэщlакlуэ Анатолэ фlыуэ ильагъуу щыта уэрэдхэр.

ТЕКlУЖЬ Заретэ.

Урысыдзэм хэт адыгэхэм, дагъыстанхэм, къалмыкъхэм, кьэзакъхэм щыщ гуэр.
Сурэтыр **Тимм М.В**. *ищlащ. Париж, 1849 гъэ*

● Зэпеуэхэр

«Си щlыналъэу Къэбэрдей-Балъкъэр»

Къэбэрдей-Балъкъэрым щопсэу лъэпкъ зэмылlэужьыгъуэу 100-м щlигъу. Дэтхэнэри и бзэ, и хабзэ иlэжщ, ауэ ахэр зэзыпхыр зэныбжьэгъугъэрщ, зэхущытыкlэ дахэрщ. Мы щыналъэм щытетщlащ нэмысыр, хабзэр. Ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъхэр кьоГъэгурыкlуэ щlэблэм я гъэсэныгъэм егупсуу. Абы хеубыдэ адэ-анэр гъэтхэпlэныр, нэхъыжьхэм пщlэ яхуэщlыныр, лъэпкъ щэнхабзэр хъумэныр.

МЫ Іуэхум ехьэлlауэ лэжьыгъэшхуэ зэфlехьакlэ Сабий творчествомкlэ унэм. А Іуэхущlапlэм лэжьыгъэр зыубзыху и кьудамэм илъэсищ б хъуауэ зэхещэ «Си щыналъэу Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ зэпеуэр. Абы школакlуэхэм кьыщагъэлъагъуэ Псыгуэнсу къуажэ администрацэм и Советым и унафэщl Кlущ Валерэ р Псыгуэнсу къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къанкъул Хьэчимэрэ жиlащ артист, режиссёр Гъуазджэ къызэрыкlэхьа я къуажэгъуэм иIа зэфlэкlым зэрыригушхэр, абы и Іуэхущlафэхэр щэблэм я деж зэрыщагъэгъуащ папщlэ lофlу яГу къыщlэзыгъэхьэ теплъэгъуэ зырыз.

Мы гъэм хэхьэхэхуэм хэтащ республикэм и районхэм къыIа гуп 11. Тэрч, Маи, Аруан, Іуащхьэмахуэ, Лэскэн, Шэрэдж, Бахъсэн районхэм я щlэблэм кьагъэлъагъуащ лъэпкъ тхыдэр, щэнхабзэр фlыуэ зэращlэр.

- Мы хэхьэхэхуэм тфlэфlу гъэ кьэс дыхэтщ. Щхьэпэщ, дыхьуеи Іуэхущ, щlалэгъуэлэр хэкупсэу кьэгъэтэджынымкlэ, я кьэухым зегъэужьыныкlэ ар сэбэн хъуэ кьыдолъытэ, - жиlэ Бахъсэн кьалэм дэт прогимназие №5-м и унафэщlым ещанэ зэрыщытыр-гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмкlэ и кьэдэз Кlуэкlуэ Жаннэ. - Дэ кьыздэтщащ адыгэм и гъэгунэгъэ Іупщуу уи нэгу кьыщlэзыгъэзыжьа гъэпэгъэныгъэ хьэлэмэтэ. Пасэрей хьэпшыпхэр зэхуэхьэсыжыныкlи, нэгъуэщl Іуэхухэмкlи фlыуэ зыкъыщlэлъагъуэ ди еджакlуэхэм я адэ-анэхэм. Уэнэшэ, гущэхэпхэ, гъубжкэдэх, нэгъуэщl хабзэ лlэужьыгъуэхэмкlи сабийхэм идогъэзэхьэзыр тепlыгъуэ кlэщlхэр. Мы гъэм рызыгъэпъагъущ, сабийхэр зыгъэгуфlэщ. Ар ящl сабиим яПэ лъабакъуэ щичам ирихьлlэу - Жьэпыуэ Іэнэ яуб, мэзи яукI, благъэ-быхьлыхэм йоджэ, хьэблэр ирагъэблагъэ, хъуэхъу яlэт. Мы Іуэхум теухуа тепlъэгъуэ кlэщl жгъэпъэгъуащ Тэрч куейм и Болэтей (Терекское) кьуажэм кьикIа школакIуэхэм.

- Ди районым илъэс Іэджэхуауэ щекIуэкI «Джылахъстэней джэгу» зэхьэзэхуэми сыт щыгъуи дыхэтщ, ди сабиихэр жыдэзэрщ, хабзэм ехьэлlа сыт хуэдэ Іуэхугъуэхэми дахьэх, - жеIэ Болэтей курыт еджапlэм и лэжьакIуэ КъуэдзокъуэМадинэ. - Си щIыналъэу Къэбэрдей-Балъкъэр- зэпеуэм илъэс ещанэ хъуауэ дыкъэкIуэ. Мы зэкIэ дгъэлъагъуэр лъэпкъэубзми щlэкI хабзэхэрщ, 1-нэ классым щlэс щыкIуэгъэри 5-нэм щыщхэри хэтщ. Зэпеуэм кьэтша лъэпкъ шхыныгъуэхэр гъэхьэзырыныкIэ кьыдэлэпыкъуащ сабиихэм я адэ-анэхэр, 5-нэ классым и унафэщl Лыкъуэжь Зарети икъуэIэгуГъуэ зыкъыддригъэхьащ. Фlыщlэ яхудощ ди кьуажэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм и музейм щlэт пасэрей хьэпшыпхэр дзыхь кьыззрыгъащlам папщlи. Мыдрейуэ, ди гъэлъэгъуэныгъэм кьыздэтщащ жылэдэсым яхъума пасэрей хьэкъуощыкъуэри, кьапщтэмэ, си анэшхуэм и гуэлэжьыныкъуэ цыкIуэкIэр сэ хэзгъэхащ. Ди адэжьхэм кьащlэна хъугъэфlыгъуэм пщlэ хуэтщlрэ тхуэхъумэнэ, кIуэдыжьыныкъым ди хабзэри ди тхьдэри, нэхъыщхьэраци, ар кьытщlэхъуэ щlэблэм эзхащlыкIынуц.

Тэрч къалэм и гимназие №1-м щlэс цыкIухэм я тепlыгъуэ кIэщl мэшыкъ щыхьэхум теухуари щlэщыгъуэт, гупсысэ зыхэлъ. Цыхуэ адрейм дэlэпыкъуэгъу хуэхъунымкIэ, лэжьыгъэр фlыуэ ялъагъуу щlэблэр гъэсэныкIэ мыхъумэщхуэ иIащ абы. Щыхьэхур зэхуащlэу щlэщ. Губгъуэ лэжьыгъэ хьэлэр гушыIэкIэ яГэпсынщlэу, зэхьэзэхуэ-зэдэджэгуу яГэзащlэрт. Щlыхьэхур зейм фэнд игъэтIылътырти, а фэндыр япэ ищ гупым кьагъэтрэ абыкIэ я лэжьыгъэр кьалъхуэу екIуэкIырт, - жиIэ гимназием и лэжьакIуэ Щомахуэ Мадинэ.

Ныбжьыщlэхэм яГэпlэтэгъуащ гущэхэпхэм, нысащхэм, нэгъуэщl лъэпкъ хабзэхэми ехьэлlа тепlыгъуэхэр. Зэхьэзэхуэм и кьэпщытакIуэ гупыр кIэлъыплъащ, техникэ къэралгъуэ ерыщагъэр къалъэгъуащ. Бэгъуэт Мухьэмэд и гъэсэн хьыджэбзыр, №1-м, Аруан кьуажэм и курыт еджапlэм, Бахъсэнёнкэ къуажэм и I-нэ школым. Етlуанэ хъуащ Шэрэдж Нщхьэрэ, Болэтей. Анзорей кьуажэ школхэр, Бахъсэн кьалэм и прогимназие №5-р. Ещанэ увыпlэр яГэпсыкащ Бабугент кьуажэм и школым. Іэщlхьэмахуэ куейм Сабий творчествомкIэ и унэм, Май районым и Новоивановскэ кьуажэм щылажьэ лицей №7-м.

Зэрытщlэщи, лъэпкъым и хабзэр и хъуГэуфlыгъуэщ. Абы щыщ нобэ тlэщlэхуами, нэхъыжьым пщlэ яхуэщlын зэрыкуейр, цыхум хэлъыпхъэ нэмысыр щlэблэм ядыболъагъу.

БАГЪЭТЫР Луиз.

● Хъуэхъу

Нартан щыщ Хьэгъэбанэ Анзор ипхъу Залинэ цыкIу кьыщатхуа махуэмкIэ дохъуэхъу!

Узынщагъэ быдэ, акъыл жан уиIэу, уи псалъэр Іущу, пэжагъэщlэр уи нэгум кьырихуу, нэмыс пхэлъэ хабзэр пщIэуэ, уи адэ-анэр гГъэгуфlэ зэпытуу, насыпыфIэу упсэуну Алыхьым жиIэ!

Хьэгъэбанэхэрэ Гугъуэтхэрэ я унагъуэхэр

● Дзюдо

Гулъытэ зыхуэщIыпхьэхэр

Гъатхэпэм и 1 - 4-хэм Грозный кьалэ щекIуэкIащ Кавказ Ищlхэрэ Федеральнэ щIыналъэм дзюдомкIэ пащэныгъэ кьыщыхьынымрэ тэуухуэ ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэр. Урысейм и чемпионатым кIуэнухэр къыщыхьащ а зэпеуэм кьырихьэлIащ КИФКЩIым и щIыналъэ 7-м я лIыкIуэхэр.

КъБР-м и командэм хэтащ бэнакIуэ 15. Абыхэм я дежкIэ зэхьэзэхуэр гъэунэхуплэ хъарзынэт.

Ди щlалэхэм Іэчылъэгъэ ерыщагъэр кьагъэлъэгъуащ. Уэблэмэ, нэхъыщIэ дыдэ Дзу Залым тегушхуэныгъэ хэлъу бэнащ. Абаза Ислъам кило-граммэ 66-рэ фIэкIа мыхъумэ, килограммэ 73-рэ зи хьэлъагъэзэн зарипщlащlикIи текIуэныгъэм зэрыхуэзэлъагъэр кьыгъэлъэгъуащ. Абыхэм я тренерыр Емкъуэ Мухьэмэдщ.

Сэралъэн Олег зи унафэщl спорт школым и гъэсэн Гузеевэ Зурият хьэрхуэгъэзауэ кьыхуэхъуар, Урысей, дунейпсо зэпеуэхэм, Европэм текIуэныгъэхэр щызыIэрызыгъэхьар, хухэмыгъэщlами, техникэ къэралгъуэ ерыщагъэрэ кьигъэлъэгъуащ. Бэгъуэт Мухьэмэд и гъэсэн хьыджэбзыр, №1-м, Аруан кьуажэм и курыт еджапlэм, Бахъсэнёнкэ къуажэм и I-нэ школым. Етlуанэ хъуащ Шэрэдж Нщхьэрэ, Болэтей. Анзорей кьуажэ школхэр, Бахъсэн кьалэм и прогимназие №5-р. Ещанэ увыпlэр яГэпсыкащ Бабугент кьуажэм и школым. Іэщlхьэмахуэ куейм Сабий творчествомкIэ и унэм, Май районым и Новоивановскэ кьуажэм щылажьэ лицей №7-м.

Зэрытщlэщи, лъэпкъым и хабзэр и хъуГэуфlыгъуэщ. Абы щыщ нобэ тlэщlэхуами, нэхъыжьым пщlэ яхуэщlын зэрыкуейр, цыхум хэлъыпхъэ нэмысыр щlэблэм ядыболъагъу.

БАГЪЭТЫР Луиз.

● Егъэджэныгъэ

«Дызэрывгъэцlыху» жаIэ ныбжьыщIэхэм

Щlэблэм щIэныгъэ етыным и мызакъуэу, абыхэм гъэсэныгъэ дахэ яхэлъу къэгъэтэджынми гулъытэ зэрихуэ щыхуащl Налшык кьаъэ дэт гимназие №4-м. Я гъэсэныгъэ кьыщыхьэIа гъэпсыкIэм и тхьэмбэ зэрыщIэныгъэ, хабзэ, нэмыс яхэлъу къэгъэхьэныр хэушъхьафэу зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр, республикэм и цыху щIэрыIуэхэр здарагъэблагъэ зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр, спортым, я къуэхьым зыщирагъэужь Іуэхугъэ зэхуэмыдэхэмкIэ зэхьэзэхуэхэр.

АПХУЭДЭУ иджыблагъэ мы еджапlэм щекIуэкIащ «Дызэрывгъэцlыху» фIэщыгъэр зиIэ зэпеуэ гъэщIэгъэн. Илъэс псокIэ зыхуагъэхьэзыращ абы еджакIуэхэм. Дэтхэнэ классми утыку кьэрахьэн хуэгъэзащ зэIущIэм, спортым, лэжьыгъэм теухуауэ зыщыгъуазэхэр. Абыхэм ятеухуа и Іуэху епlыкIэр еджакIуэхэм къагъэлъэгъуащ спорт Iэмалхэмкlэ, уэрэдэр кьафэкIэ. «КьыдагъэкIа» блын газетхэм ит тхыгъэхэмрэ сурэтхэмрэ нэIуасэ ухуащIыр илъэс псом яIа ехьулIэныгъэхэр, зыIэрагъэхьа текIуэныгъэхэр зыкъэдэм.

Іэпкъльэпкъым зезыгъэужь лэжьыгъэм пIэщIэ кьалэ сабийхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Іуэхугъэр еджапlэм и унафэщlым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и кьэдэз Кьурмэн Жаннэ и жэрдэмкIэ кьыздэгъэпэщащ. Жаннэ щIэх-щIэкIыуэ зэхеш мыпхуэдэ зэхьэзэхэр, сыт щыгъуи Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр гъабжьэ хуищIырэ еджакIуэхэм я кьуэхым зэрызригъэужьыным яужь итщ. Апхуэдэ щыкIэкIэ Кьурмэным кьехуэгъэ ныбжьыщIэхэр гъащIэм зэрыхущытыр икIи апхуэдэ щыкIэкIэ гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ и лэжьыгъэр нэхъ зыхуэунэтIыпхъэри еубзыху.

Жаннэ кьыхилъхьа апхуэдэ Іуэхуфlэхэр егъэджакIуэхэми, адэ-анэхэми, Іуэхущlапlэ зэмылIэужьыгъуэхэми я гуапэу даIыгъ, нобэрей щlэблэм я кьэкIуэну зэрыщытар абыхэм я зэкъуэтыныгъэм куэдкIэ зэрелъытар кьагурюIуэри, зэрыхъукIэ дэIэпыкъуэгъу кьыхуохуэ.

Мыгъэрей «Дызэрывгъэцlыху» зэхьэзэхэр гъэщIэгъэныгъэкIуэкIащ. Арщхьэкlэ гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ ирагъэкIуэкIынур абдеж щичакъым, атlэ уеблэмэ а махуэ дыдэм кьыкIэтыкIыну зэпеуэм гьунэ хуэпащ. Ар техуауэ цыхунщ лъэпкъ щэнхабзэм зэрыхэлъыр и еджакIуэхэм ящIэр кьэхутэным, абыкIэ я щIэныгъэм адэкIи хэгъэхъуэным.

●Ди сурэт гъэтIылъыхэр

Урысыдзэм хэт адыгэхэм, дагъыстанхэм, къалмыкъхэм, кьэзакъхэм щыщ гуэр.
Сурэтыр **Тимм М.В**. *ищlащ. Париж, 1849 гъэ*

● КъБР-м и прокуратурэм

Зыхуэфащэ тхылъхэр хуатх

Шэрэдж районым и прокуратурэм кьиныщlащ куейм узынщагъэр хъумэныкIэ и Іуэхущlапlэхэм лэжьыгъэмкIэ законодательствэр зэрагъэзащlэр.

А Іуэхур щрагъэкIуэкIым Балъкъэр Инщ, Ауш щджэр кьуажэхэм я щIыпIэ сымджэщхэм, Бабугент и амбулаторэм щIыщылэ машэм и улахуэмкIэ щIыхуэу сом 701335-рэ ятелъу кьыщlагъэщащ. А Іуэхущlапlэхэм я Іэщlагъэлъэхэм лэжьыгъэмкIэ я хуитныгъэхэр яхъумэн, захуагъэр зэфlагъэувэжьын мурадкIэ, сом 701335-м хуэзэ нск 83-рэ район судым ирагащ. Апхуэдэу зи гугъу тщlы щIыпIэ сымаджэщхэмрэ амбулаторэмрэ я дохутыр нэхъыщхьэхэм ныкъусаныгъэхэр яГэзэкIуэкIыну кьалэн ящыгъыщI тхылъхэр хуатхащ.

Фызыщlэупщlэн щыIэмэ

КъБР-м и прокуратурэм хъыбар фегъащIэ «Къэрал кьэщIытныгъэр» (КIэлыплъыныгъэ) муниципалынэ кьэщIытныгъэр щрагъэкIуэкIкIэ Іэнатlэхэмрэ щхьэзакъуэ хъярычтыщIэхэмрэ я хуитныгъэхэр хъумэным и Іуэху-кIэ» 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м кьыщIэкIа Федеральнэ закон №294-ФЗ-м Іэнатlэхэмрэ щхьэзакъуэ хъярычтыщIэхэмрэ я хуитныгъэхэр хъумэным теухуа упщIэхэмкIэ зэрылъхуагъэзэ зэпымыууэ лажьэ я телефоным и номерыр зэрахъуэжамкIэ.

Апхуэдэ Іуэхум и щIэупщIэну хуейхэр **(88662) 40-11-06** телефонымкIэ кьыбжэпсалъэ хьунущ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущlапlэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылагъэ Заурбий (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **ЖьакIэмыхъу Марине** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Марине** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадине** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залине, НэщIэныджэ Замире, Къардэн Маритэ, Хьжыкьэрэ Алик, Щхьэщомыщl Изэ.**

КьыдэзыгъэкIэжэрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Ленинымрэ и уэрам, 5, епщIанэ кьат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэныкъуэкIэ Іуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щрихьэлIэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэкъуэ Іуэхущlапlэхэм я дэлэжьэныкъуэкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; еГъэдэкIыгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; здэзыкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущlапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедлэз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Іуэхугъуэхэм и пэжагъэмкIэ авэрэ зытехуэм ихуэ редакцэм я Іуэху епlыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъыну.

Газетыр Iэ тельдэжэм яхуэхьыныр и щIэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныбжьэгъугъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хунтыныгъэ хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущlапlэм №01-0065-м щIэту иГахащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык кьалэ,
Ленинымрэ и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэ егъэкъабзэщ: жэуап зыхь секретарым и кьэдэгъуэкIуэ Эдэлэ, редактор **ТекIуэ Заретэ, корректорхэу Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **корректорхэм я дэIэпыкъугъэу Мырзэкан Фатlинэ, журналистхэу** ***Гъэсэныгъэ щIэныгъэмрэ культурэмрэ кьэщIэлIащ*** **КIэрэщ Сандэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** ***сурэтхэм елэжьар*** **Бищу Жаннэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щатхъухьащ.

Газетым Iэ тиражэ хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 5.172● Заказ №702